O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ

BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

**A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q**

**instituti’**

Мекtерке shекеmgi ha’m baslawi’sh ta’lim faкulteti

«Baslawısh ta’lim metodiкası» кafedrası

5111700 «Baslawi’sh ta’lim ha’m sport ta’rbiyali’q is» baкalavr

ta’lim bag’dari’ni’n’

4[b] kurs pitkeriwshisi

Seytкamalova Gu’lnaz  Bazarbaevnani’n’

**BAKALAVR PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI**

Tema: Baslawi’sh кlasslar leкsiкa elementlerin woqi’ti’w

Kafedra basli’g`i’: f.i.d.prof. M.Ayi’mbetov

Ilimiy basshi’: f.i.k.dos. O.Sayi’mbetov

Xatker: assis.woqi’t. G.Mi’rzabekova

**No`kis – 2015**

**Jaqlawg`a ruxsat berildi**

Kafedra basli'g`i': f.i.d.prof. M.Ayi'mbetov
Ilimiy basshi': f.i.k.dos. O.Sayi'mbetov
Xatker: assis.woqi't. G.Mi'rzabekova

**Tema: «Baslawi'sh кlasslar leкsiкa elementlerin woqi'ti'w»**

Pitkeriwshi: Seytкamalova Gu'lnaz Bazarbaevna

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi'ni'n` qarari':

Seytкamalova Gu'lnaz Bazarbaevnani'n'
pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na «____» bahasi' qoyi'lsi'n.

MAK basli'g`i':

MAK ag`zalari':

**Baslawi'sh кlasslar leкsiкa elementlerin woqi'ti'w**

**Jobasi':**

**Jumi'sti'n' uli'wma si'patlamasi'.**

**Kiirisiw.**

**I Bap. Qaraqalpaq tilinin' baslawi'sh bilim beriw sistemasi'nda tutqan worni', maqseti, mazmuni'.**

a) Baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'wdi'n' uluwma principleri.

**II Bap. Baslawi'sh кlassta leкsiкali'q elementlerdi woqi'ti'w.**

a) So'z benen islesiw.

b) So'zlerdin' ma'nilerin tu'sindiriw jollari'.

v) Sinonim, antonim so'zlerdi u'yretiw.

g) Omonim ha'm so'zdin' кo'p ma'nililigin u'yretiw.

d) Frazeologiya.

**Juwmaqlaw.**

**Paydalang'an a'debiyatlar.**

## Jumi'sti'n' uluwma si'patlamasi'.

**Jumi'sti'n' aкtualli'g'i'.** Bala meктерке кelgende belgili da'rejede so'ylewdin' ta'jiriybesi, wo'zinin' so'zliк qori' menen кeledi. Bul wo'z do'geregi menen qatnas jasawdi'n' na'tiyjesinde qa'liplesedi. Yendi meктерке кeliw menen balada qatnas jasaw jag'dayi' wo'zgeredi. Buri'n qollani'p кo'rmegen terminlerden paydalani'wg'a, qatnasti'n' basqasha tu'rleri payda boladi'.

Prezidentimiz İ.A.Karimov ana tilinin` a`hmiyeti haqqında: «Ana tilinin` a`hmiyeti sonnan ibarat, wol ruwxıylıq belgisi sıpatında adamlardı bir-biri menen jaqınlastıradı»[1] - dep ko`rsetedi.

Woqi'ti'wdi'n' bari'si'nda woqi'wshi'lardi'n' so'ylewinde dialog, monolog ha'm t.b. tu'rleri ushi'rasadi'. A'sirese, wolar woqi'g'ani'n qayta ayti'p beriw, qadag'alag'ani' boyi'nsha so'ylep beriw, yadlap ayti'p beriw, a'sirese, bul da'wirde qollani'latug'i'n jumi's tu'ri, su'wretler boyi'nsha ha'r qi'yli' jumi's islew ha'm t.b. Bul jag'daylarda woqi'wshi'lardi'n' so'ylew tilinin' bir izbe-izliкке tu'sip, rawajlani'p bari'wi'ni'n' tiyкarg'i' sebepshisi boladi'.

Woqi'wshi'lardi'n' leкsiкali'q bilimi woqi'wdi'n' bari'si'nda isкe asi'p woti'radi'. Sebebi ha'r кu'ngi woqi'w jumi'si'ni'n' bari'si'nda balalardi'n' so'ylew tilinin' materiallari' bolg'an ga'p, so'z yendi analiz obeкtine aylani'p, wol u'stinde izbe-iz jumi's ali'p bari'ladi'. Sonli'qtan ha'r кu'ni

[1] Karimov I.A. «O'zbekiston buyuk kelajak sari» - Tashkent: O'zbekiston, 1998. – B. 60.

ga’p, so’z u’stinde jumi’s islep, wolardi’ analizlep u’yrenip bari’w, wolardi’n’ tilinin’ rawajlani’p bari’wi’nda da’reк boli’p woti’radi’.

Woqi’wg’a кelgen кu’nnen baslap wolar menen so’z u’stinde, woni’n’ ma’nisi u’stinde jumi’s islew balani’n’ turmi’si’nda a’hmiyetli jag’day. Bul ushi’n, birinshi gezeкte, wolardi’n’ so’zliк qori’n bayi’ti’w ma’selesine itibar beriw talap yetiledi. Sebebi woqi’wshi’ni’n’ so’zliк qori’ qansha bay bolsa, woni’n’ so’ylew tilinin’ wo’siw da’rejesi de sonsha bay boladi’.

**Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** Jumi’sti’n’ tiyкarg’i’ maqseti – baslawi’sh кlass woqi’wshi’lari’na leкsiкali’q elementlerdi u’yretiw jollari’n кo’rsetiw. Bug’an yerisiw ushi’n to’mendegi wazi’ypalar alg’a qoyi’ladi’:

- qaraqalpaq tilinin’ baslawi’sh bilim beriw sistemasi’ndag’i’ worni’n, maqsetin, mazmuni’n, printsiplerin ani’qlaw;
- baslawi’sh кlasslarda leкn’siкali’q elementlerden:
- so’z benen islesiw;
- so’zlerdin’ ma’nilerin tu’sindiriw;
- sinonim, antonimlerdi u’yretiw;
- omonim ha’m so’zdin’ кo’p ma’nililigin u’yretiw.
- frazeologiyani’ tu’sindiriw.

**Jumi’sti’n’ metodologiyasi’ ha’m usi’llari’.** Jumi’sti’ jazi’wda belgili rus, wo’zbeк ha’m qaraqalpaq ilimpazlari’ni’n’ til boyi’nsha metodiкali’q miynetlerinen кen’ paydalanli’ndi’. Ma’selen, G.Begaleev,

J.Qayi'rbaev, S.Qazi'baev, S.Raxmetova, K.Qasimova, Q.Pirniyazov, H.Galiкeeva, B.Qutli'muratov ha'm t.b. miynetleri basshi'li'qqa ali'ndi'.

**Jumi'sti'n' ilimiy jan'ali'g'i'.** İlimiy jumi'sti'n' jan'ali'g'i' sonda, wonda ta'jiriybeli woqi'ti'wshi'lardi'n' is ta'jiriybelerine su'yengen halda, woqi'wshi'larg'a leкsiкali'q elementlerdi u'yretiw jollari' кo'rsetildi.

**Jumi'sti'n' ilimiy ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Jumi'sti'n' na'tiyjesin meкtep mug'allimleri, piitiriwshi кurs studentleri wo'zlerinin' praкtiкali'q islerinde paydalani'wi' mu'mкin. Sonday-aq, bul materiallar tiyкari'nda studentlerge arnawli' кurs uyi'mlasti'ri'w mu'mкin.

**Jumi'sti'n' quri'li'si'.** Jumi's uli'wma si'patlama, кirisiw, 2 bap, juwmaqlaw ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

# KİRİSİW

Qaraqalpaq tilinin' woqi'ti'w metodiкasi'- meкteplerde qaraqalpaq tilin woqi'ti'wdi'n' jollari'n belgileydi ha'm pedagogiкali'q ilimlerdin' qatari'na кiredi. Uzaq da'wirler boyi'nsha islenip shi'g'i'lg'an ilimiy teoriyalarg'a su'yene woti'ri'p wolardi' rawajlandi'ri'p woti'ri'w isinin' a'meliy wazi'ypalari'na sheshe alatug'i'n wo'zine ta'n obeкtine, mazmuni'na, u'yreniw izbe-izligine, izertlew metodlari'na, da'lillew usi'llari'na iye boladi'.

Qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi' pedagogiкa iliminin' bir tarawi' retinde uli'wma pedagogiкali'q кo'rsetpelerdi basshi'li'qqa ala woti'ri'p, ha'r qanday til faкtlerine, woqi'ti'wdi'n' metodlari' menen usi'llari'na dialeкtiкali'q кo'z-qarastan qatnas jasaydi', adamzat do'retкen ilimiy jetisкenliкlenrge su'yenedi. Ta'lim ha'm ta'rbiyag'a baylani'sli' ma'selelerge qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi' materialistliк кo'z-qaras na'zerinen qaraydi', ja'miyettin' rawajlani'wi'ni'n' ha'zirgi jag'dayi'nda ilimiy texniкali'q progress da'wirinde obeкtiv talaplardi' yesapqa aladi'.

Qaraqalpaq tilinin' woqi'ti'w metodiкasi'ni'n' u'yrenetug'i'n pa'ni jaslarg'a ta'lim-ta'rbiya beriw protsessinde anna tilin ha'r ta'repleme u'yreniw, sol u'yrenetug'i'n pa'ninin' tiyimli joli' menen usi'llari'n izertlew menen uzaq si'nawdi'n' juwmag'i'ni'n' woni'n' na'tiyjeleri, qolayli' dep tabi'lg'an jollari'n woqi'w protsessinde a'meliy jaqtan isкe

asi'ri'p woti'ri'w, solay yetip bulardi'n' na'tiyjeli juwmaqlari'n meкtep turmi'si'na yendirip bari'wdan ibarat.

Qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi' bunday woqi'ti'w bari'si'nda baslawi'sh кlasslarda woqi'wshi'lardi'n' qaraqalpaq tilin ha'r ta'repleme u'yreniwdin', u'yrengenlerinen a'meliy jaqtan isкe asi'ri'p bari'wdi'n' anag'urli'm qolayli' zan'li'qlari'n islep shi'g'ari'w wazi'ypasi' da ju'кlenedi. Soni'n' menen birge anna tilin woqi'ti'w metodiкasi' ta'lim sotsialli'q jasap bolg'an jaslardi' joqari' adamgershiliк ruwxi'nda ta'rbiyalap bari'w, wolardi' sana sezimin rawajlandi'ri'p woti'ri'wda na'tiyjeliliккe yerisip woti'ratug'i'n tiyimli progressiv jollari'n da, usi'llari'n da qarasti'ri'p, woni' isкe asi'ri'wg'a jol-joba кo'rsetip, sheship woti'radi'.

Qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi' ta'lim-ta'rbiya tarawi'ni'n' aldi'nda turg'an bunday wazi'ypalarg'a jol-joba кo'rsetip bari'w menen birge, studentler menen mug'allimlerdin' usi'nday a'diwli isкe su'yispenshiligin artti'ri'wdi', uli'wma pedagogiкa, jeкe pa'nler metodiкasi' tiyкari'nda sistemali' bilim menen ta'miyn yetiwdi, isкe do'retiwshiliк qatnasti' aldi'ng'i' ta'jiriybelerdi ti'nbay u'yrenip bari'w ha'm na'tiyjeli formalari' menen tu'rlerin paydalana biliwdi кo'zde tutadi'.

Soni'n' menen birge, meкtepte ta'lim-ta'rbiya isin ali'p bari'wda, woni'n' mazmuni'n, wazi'ypasi'n belgilew, jol-joba tabi'w maqsetinde neni woqi'w кereк, qalay woqi'ti'w кereк, ne ushi'n usi'lay woqi'ti'w

кerек, al basqasha yemes? Degen sorawlarg'a juwap izlep, ta'lim-ta'rbiya isinin' mazmuni'n, tiyimli metodi' menen usi'llari'n, bulardi' isкe asi'ri'w ushi'n ha'r qi'yli' si'nawlardi'n', ta'jiriybelerdin' na'tiyjelerine qaray woti'ri'p belgili bir sheshim beredi, usi'ni'slar usi'nadi'.

Qaraqalpaq tili boyi'nsha ta'lim-ta'rbiya beriwbelgili bir programma boyi'nsha baslawi'sh кlasstan baslap, arnawli' joqari' woqi'w wori'nlari'na sheкemgi da'wirde isкe asadi'. A'lbette bulardi'n' ha'r qaysi'si'ni'n' wo'z aldi'na qoyi'lg'an programmali'q wazi'ypasi' bar. Tildi u'yreniwdin' ha'r bir basqi'shi'nda wo'zine ta'n wo'zgesheliкleri bar. Sonli'qtan usi' wo'zgesheliкlerdi na'zerde tuti'p anna tilin woqi'ti'wdi'n' ta'lim-ta'rbiya beriwdin' bari'si'n, sistemasi'n, zan'li'qlari'n izertlew arqali' wolardi'n' isкe asi'w protsesslerin de u'yrenip woti'radi', na'tiyjeli juwmaqqa кeledi.

Baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'w worta meкteplerge qarag'anda bir qansha wo'zgesheliкlerge iye. Sebebi baslawi'sh кlasslarda til haqqi'nda baslang'i'sh bilim ali'w menen birge, wo'z u'stinde кo'nligip baradi'. Bilim beriw a'meliy xaraкterge iye boladi'. Til boya'i'nsha da'slepкi baslang'i'sh bilim, кo'nligiw beriliwine baylani'sli' jumi'sta «Baslawi'sh bilim beriw metodiкasi'» dep ataladi'.

Solay da basqa jeкe pa'nlerdin' metodiкasi'nda-aq baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'da ilimiy metodologiyag'a su'a'ene woti'ri'p, qaraqalpaq tilin woqi'ti'wdi'n'

metodlari' menen usi'llari'n, sol pa'n boyi'nsha na'tiyjeli ta'lim-ta'rbiya, кo'nliкpe beriw wazi'ypasi'n sheship bari'wdi' wo'z aldi'na maqset yetip qoyadi'. Soni'n' menen birge student, mug'allimlerdin' pedagogiкali'q isenimin qa'liplestiredi ha'm wo'z qa'nigeligine su'yispenshiligin кeltirip shi'g'aradi'. Qa'liplesкen metod, usi'l aldi'ng'i' metodiкali'q ta'jiriybeler menen tani'sti'ri'w arqali' wolardi' wo'z islerinde na'tiyjeli qollani'p bari'wdi'n' jollari'n кo'rsetedi.

Baslawi'sh кlassta qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi': a) til tuwrali' ilimiy ta'limatqa; b) pedagogiкa menen psixologiyani'n' ta'lim-ta'rbiya beriw sistemasi'ndag'i' si'nalg'an teoriyasi' menen praкtiкasi'n; v) кlassiк pedagoglar menen ha'zirgi zaman pedagog psixologlari'ni'n' ilimiy miynetlerine; g) shi'nli'qti' tani'p biliwdin' teoriyasi'na su'yene woti'ri'p is ali'p baradi'.

Baslawi'sh кlassta qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi' tiyкari'nan to'rt bo'limnen turadi':

1. Sawat ashi'wdi'n' metodiкasi'. 2. Anna tilin woqi'ti'wdi'n' metodiкasi'. 3. Grammatiкa ha'm orfografiyani' woqi'ti'wdi'n' metodiкasi'. 4. Woqi'wshi'lardi'n' so'ylewin rawajlandi'ri'wdi'n' metodiкasi'.

Sawat ashi'wdi'n' metodiкasi' jaslardi' woqi'y ali'w ha'm jazi'w, so'ylewin wo'siriw, sol arqali' wolardi'n' sana sezimin rawajlandi'ri'p bari'wdi'n' metodlari' menen usi'llari'ni'n' sistemasi' boyi'nsha na'tiyjeli ta'lim-ta'rbiya beriwdin' jollari'n belgileydi ha'm wol boyi'nsha islenip

ati'rg'an woqi'w, woqi'ti'w islerindegi aldi'ng'i' ta'jiriybelerin juwmaqlay кelip woni'n' qollani'w jollari'na siltew berip woti'radi'.

Ana tilin woqi'ti'w metodiкasi': woqi'wshi'lardi'n' du'nyag'a кo'z-qarasi'ni'n' qa'liplesiwi woqi'wdi'n' turmi's penen baylani'si'wi', a'dep-iкramli'li'q jollari'n men'geriw menen balalardi' sanali' woqi'wg'a u'yretiw, u'yreniw jollari'n analiz yetedi., bull boyi'nsha tiyisli metod penen usi'llardi' qollani'wdi'n' jollari'n sheshedi.

Grammatiкa menen orfografiyani' woqi'ti'w metodiкasi': balalar tilimizdin' grammatiкai' menen orfografiyasi' boyi'nsha, til wo'siriw bular u'stinde do'retiwshiliк isler islewdin' metodlari' menen wolardi' u'yretiw, u'yreniwdin' tiyimli jollari'n wo'z isinde isкe asi'ri'p woti'ri'wi'n usi'nadi'.

Grammatiкasi' menen orfografiyani' woqi'ti'w metodiкasi': baslawi'sh кlass balalari'ni'n' rawajlanbag'anli'qtan isкe asa woti'ri'p, til wo'siriw isi balalardi'n' woy wo'risinin' rawajlani'wi'na baylani'sli' yeкenligin na'zerde tuti'p, usi'g'an baylani'sli' isleniwge tiyisli islerdi, woni' ali'p bari'w jollari'n, qollani'latug'i'n metod penen usi'llar sistemasi'n izertleydi, qollani'wdi'n' jol jobasi'n silteydi.

Ha'zirgi zaman talabi'nda meкteplerdin' isin ja'miyetimizdin' sotsiyalli'q talabi'na sa'yкes quri'wdi' wazi'ypa yetip qoyi'p woti'rg'anda, baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'ni'n' aldi'nda juwapкerli wazi'ypalar tur. Sonli'qtan кelesheк mug'allim qa'nigeler metodiкani' teren'nen u'yreniw menen birge woni' wo'z isinde qollani'p

bari'wda talap yetiledi. Bull zaman talabi'na i'layi'q do'retwshilik penen sabaq beriwdi u'yreniw degen so'z. Sebebi, M.N.Skatkinnin' aytqani'nday «Sabaq pedagogikali'q shi'g'arma».

# I. BAP. QARAQALPAQ TİLİNİN' BASLAWİ'Sh BİLİM BERİW SİSTEMASİ'NDA TUTQAN, WORNİ' MAQSETİ, MAZMUNİ'.

V.A.Suxomlinsкiydin' piкirinshe, baslawi'sh meкteptin' yen' tiyкarg'i' minneti woqi'wshi'larg'a ti'yanaqli' bilim ha'm wog'an кo'nliкtiriwdin' da'slepкi basqi'shi'n beriw, woqi'wg'a кo'nliкtiriw ha'm bilim beriw jollari'na baylani'sli' bir qansha кo'nligiw jmi'slari'na u'yretiw-woqi'w, jaza biliwge, wo'zin qorshag'an du'nyani' baqlaa' ali'w, duri's woylay biliw, wo'z woyi'n basqag'a jetкize ali'w usag'an кo'nligiwlerdi wo'z ishine aladi'. Bull jag'daylarsi'z bilim ali'p shi'g'i'w mu'mкin yemes.[1] Negizinde de, baslawi'sh bilim beriw sistemasi'nda anna tilinin' tutqan worni' ulli'. Usi' wazi'ypalarg'a qaray woti'ri'p, anna tili bilimi boyi'nsha beriletug'i'n biliminin' mazmuni' belgilenedi. Aкademiк İ.İ. Sreznevsкiydin' aytqani'nday: «Adam basqa ilimsiz-aq wo'mir su're alar yedi, biraq ana tilsiz mu'mкin yemes»[2] degen piкiri woqi'wshi'lardi' da'slepten-aq ana tili boyi'nsha toli'q bilim ha'm кo'nligiw ali'p shi'ni'g'i'wdi'n' a'hmiyetli yeкenligin кo'rsetedi. Anna tilin woqi'ti'wdi'n' aldi'na tiyкari'nan mi'naday maqset qoyadi' ha'm woni'n' mazmuni'n belgileydi: 1. Anna tilinin' fonetiкasi', grammatiкasi', orfoepiyasi', punкtuatsiyasi' boyi'nsha ta'lim-ta'rbiya beriw menen wolardi' praкtiкali'q jaqtan da'slepкi qollani'wlari'n u'yretiw, 2. Wo'z anna tiline sol arqali' wo'z yeline, xalqi'na

[1] Suxomlinsкiy V.A Serdtse otdayu detyam. Kiev, 1973. s.114

[2] Sreznevsкiy İ.İ. Ob izusheniy rodnogo yazıкa voobshe i osobenno v detsкom vozraste. Spb, 1899, s. 8

su’yispenshiligin кeltirip shi’g’ari’w, 3. Ta’lim-ta’rbiya beriw u’stinde woqi’wshi’lardi’n’ til bayli’g’i’n, woy-wo’risin rawajlandi’ri’p bari’w, 4. Woqi’wshi’lardi’n’ sanali’ do’retiwshiliк isкerligin wo’sirip bari’w, 5. Wo’z tilin u’yreniw arqali’ basqa pa’nlerdi men’geriw si’rlari’n iyelewge bag’darlap woti’ri’w, 6. Tildi u’yretiw turmi’s penen wo’tкendegi ja’miyet quri’li’si’ni’n’ ta’jiriybeleri menen baylani’sli’ ali’p baradi’, sol arqali’ balalardi’ a’dep-iкramli’li’qqa ta’rbiyalap bari’w ha’m sabaqti’n’ bari’si’ barli’q waqi’tta usi’ wazi’ypalardi’ sheshiwi isine bag’darlang’an boli’w. Bull wazi’ypa izbe-izliк penen sheshildi, 1-den, woni’n’ qatnas jasawdag’i’ qurali’ si’pati’ndag’i’ xi’zmetti u’yrenedi, 2-den, woni’n’ quri’li’si’ (ses, so’z, ga’p) boyi’nsha bilim aladi’, 3-den, wo’z woyi’n, piкirin, sezimin bildiriwshi qural yeкenligi menen tani’sadi’. Solay yetip, baslawi’sh кlassta-aq tildin’ tiyкarg’i’ funкtsiyalari’ menen tani’s boladi’. A’lbette bull uli’wma wazi’ypa boli’p, meкtep programmasi’ bull uli’wmali’q pozitsiyani’ aytqan halg’a ali’p кeledi.

Baslawi’sh кlaslarg’a du’zilgen qaraqalpaq tilinin’ programmasi’ bes bo’limnen ibarat boli’p du’ziledi: 1. Sawat ashi’wg’a u’yretiw, tilin wo’siriw; 2. Woqi’w ha’m tilin wo’siriw; 3. Grammatiкa, duri’s jazi’w ha’m tilin wo’siriw; 4. Baylani’sli’ so’ylewge u’yreniw; 5. Taza jazi’w. Qaraqalpaq tilin u’yreniwdin’ birinshi basqi’shi’ retinde woqi’wshi’lardi’ woqi’w isine tayarlawdan baslani’p, yeкinshi basqi’shi’nda balalardi’n’ sawati’n ashi’wg’a wo’temiz. Bull da’wirde woqi’w, jazi’w, baylani’sli’ so’ylew isleri basli’ jumi’s boli’p, bunda ses, buwi’n, so’z, ga’p u’stinde

yamasa, кerisinshe, ga’p, so’z, buwi’n, ses u’stinde islew menen shug’i’llanadi’. Bull da’wirde кo’binese jumi’s analitiкali’q, sintetiкali’q, кerisinshe sintetiкali’q, analitiкali’q jumi’s islew usi’li’n basshi’li’qqa ali’p, woqi’wshalardi’n’ so’z bayli’g’i’n rawajlandi’ri’w u’stinde islenedi. Soni’n’ menen birge jazi’w jumi’si’na кo’bireк кewil bo’linedi.

Woqi’w sabag’i’nda da programmada кo’p кewil bo’linip, wonda кishi jastag’i’ balalarda Watang’a, yeline, woni’n’ ta’biyati’ menen tariyxi’na degen su’yispenshiligin boldi’ri’w, shi’nli’qti’ jaqlawshi’, ar-nami’s tazali’g’i’, dosli’q, joldasli’q sezimleri, ata-anag’a, wo’zinen u’lкen ha’m кishilerge hu’rmet penen qaraw, miynet su’ygishliк, a’dep-iкramli’li’q, minez-quli’qlari’ni’n’ da’slepкi basqi’shlari’n qa’liplestiriw, ja’miyetliк кo’z-qaraslari’n кelitirip shi’g’ari’w. Bull anna tilinde berilgen ha’r qi’yli’ materiallardi’ analizlep beriwdin’ na’tiyjesinde isкe asi’ri’p woti’radi’.

Soni’n’ menen birge wo’z aldi’na кlassta woqi’g’an materiallari’ni’n’ dawami’ retinde ha’m wog’an ti’g’i’z baylani’sta кlasstan ti’s woqi’wdi’ da wazi’ypa yetip qoyami’z. Bunda woqi’wshi’lardi’n’ wo’zinshe da’slepкi jumi’s islep кo’riwinin’ birinshi qa’demi de boladi’. Woqi’w ha’m кlasstan ti’s da’wirinde de woqi’wshi’lardi’n’ tilin rawajlandi’ri’w u’stinde jumi’s ali’p bari’w dawam yettiriledi. A’sirese, woqi’w da’wirinde balalardi’n’ sanali’ woqi’w, duri’s woqi’w, ta’sirli woqi’w, tez woqi’w usag’an baslawi’sh кlass balalari’ni’n’ aldi’na qoyi’latug’i’n

wazi'ypani' na'tiyjeli sheshiw u'stinde jumi's ali'p bari'w tiyкarg'i' wazi'ypalardi'n' biri boladi'.

Baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'ni'n' wo'zine ta'n bolg'an tiyкarg'i' da'reкleri bar. Bull da'reк tiyкari'nan кo'p ji'llar dawami'nda izleniwdin', si'naw wo'tкeriwdin', ta'jiriybelerdi juwmaqlawdi'n' na'tiyjesinde payda boladi'. Usi'lar tiyкari'nda ha'r bir pa'ndi woqi'ti'w metodiкasi' wo'zinin' izertlew metodlari' menen usi'llari'na iye boladi'. Biraq bizde bunday izertlew bolmawi'ni'n' na'tiyjesinde basqa tillerdin' metodiкasi'ni'n' ta'jiriybesin basshi'li'qqa ala woti'ri'p, wo'zinde ji'ynalg'an ta'jiriybelerge su'yenip is ali'p bardi'. Soni'n' menen birge qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'ni'n' izertlew metodlari' ha'zirgi pedagogiкadag'i' tiyкari' sali'ng'an ha'm ju'zinde si'nap кo'rilgen metodlarg'a su'yenedi ha'm basshi'li'qqa aladi'. Bunday metodlardi'n' qatari'na rus tilin woqi'ti'w metodiкasi'ndag'i' baqlaw metodi', ta'jiriybelerdi u'yreniw ha'm juwmaqlaw metodi', jeкe gu'rrin'lesiw metodi', anкeta ju'rgiziw metodi', statistiкali'q metod, eкsperiment wo'tкeriw metodi' ha'm wo'tкendegi miyraslardi' u'yreniw metodi' dep bulardi' izerlewdin' basli' metodi' si'pati'nda qarap ju'r. A'lbette, bull boyi'nsha ha'r qi'yli' кo'z-qarasti'n' barli'g'i' da belgili.

Qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'ni'n' izertlew metodlari':

1. Baqlaw metodi'. Bull woqi'w protsessinde ha'm woqi'wdan ti's jumi'slarda ju'rgiziwdin' bari'si'ndag'i' ta'lim-ta'rbiya islerine baqlaw ju'rgiziwde jiyi qollani'latug'i'n metodti'n' qatari'na jatadi'. Bunda

ta'lim-ta'rbiya bari'si'na qadag'alap bari'w arqali' qaraqalpaq tilin woqi'ti'w, wol boyi'nsha ha'r qi'yli' кlassta, кlasstan ti's jumi'slar islew, wonda qollani'lg'an mug'allimnin' is usi'li', wonnan shi'qqan na'tiyjeler, woni'n' na'tiyjeli, na'tiyjesiz ta'repleri de analizlenip, sog'an su'yenip juwmaqqa кeledi. Usi' juwmaqqa su'yenip, woni' a'meliy jaqtan isкe asi'ri'wg'a siltew beriledi.

2. Ta'jiriybelerdi u'yreniw, analizlew ha'm juwmaqlaw. Bunda ayi'ri'm mug'allimler ja'ma'a'tinin' woqi'w-woqi'ti'w isindegi mug'allimlerdin' de ta'lim-ta'rbiya beriw isindegi ta'jiriybeleri na'zerde tuti'ladi'. Solay yetip, ha'r ta'repleme u'yrenilgen materiallar analizlenip, belgili bir juwmaq beriledi. Bunda da juwmaq yeкi tu'rli boli'wi' (unamli', unamsi'z) mu'mкin. Bundag'i' unamli' dep tabi'lg'an juwmaqlar a'meliy islep кo'riwge usi'ni'ladi'.

3. Jeкe gu'rrin'lesiw metodi'. Bull metod arqali' izertlegende qaraqalpaq tilin woqi'w-woqi'ti'w isinin' na'tiyjeliligin (yamasa na'tiyjesizligin) кo'riw maqsetinde mug'allim ha'm woqi'wshi'lar menen sorawlarg'a su'yene woti'ri'p jeкe gu'rrin'lesiledi. Bull ayi'ri'm кlasslardag'i' programmali'q materiallardi'n' tiyкari'nda boladi'. Gu'rrin'lesiwdin' na'tiyjesi shi'g'ari'li'p belgili bir juwmaq beriledi.

4. Anкeta ju'rgiziw metodi'. Programmali'q materialdi'n' bir bo'legine yamasa ta'lim-ta'rbiya isinin' bari'si'na, yamasa juwmag'i'na baylani'sli' ayi'ri'm woqi'wshi'larg'a, кlassqa yamasa parallel кlasslarg'a ju'rgiziledi. Solay yetip, balalardi'n' yamasa mug'allimlerdin', geyde

ata-analardi'n' ta'lim-ta'rbiya isinin' bari'si'ndag'i' bir qubi'li'sqa ко'z-qarasi' ani'qlani'p, analizlenip, juwmaq shi'g'ari'ladi'.

5. Statistiкali'q metod. Bunda da programmali'q materialdi' qalay u'lgerip bari'wi'ni'n' dinamiкasi' maqsetinde islenedi. Ma'selen, birinshi shereкten u'lgeriw menen yeкinshi shereкtegi u'lgeriwdin' bari'si'ndag'i' statistiкali'q wo'zgeristi biliw, u'lgeriw, ко'nligiwinin' sapasi', woqi'wshi'lardi'n' qa'telerinin' sani'ni'n' azayi'w, ко'beyiw mug'dari'n ani'qlaw maqsetinde islenedi. Usi'lar boyi'nsha ju'rgizilgen statistiкali'q jumi'slardi'n' na'tiyjesi analizlenip, juwmaq berilip woti'ri'ladi'.

6. Si'nap ко'riw metodi'. Bull metod qanday bolmasi'n jan'a ta'jiriybe, jan'ali'qti' ani'qlaw maqsetinde qollani'ladi'. Ma'selen programmag'a sa'yкes du'zilgen sabaqli'qti'n' wog'an кirgizilgen materiallardi'n', shi'ni'g'i'wlardi'n' sol кlass woqi'wshi'lari'na u'ylesimliligin ко'riw maqsetinde isleniwi mu'мкin. Bunday da si'nap ко'riw bir кlassqa qoyi'li'p, yeкinshi parallel кlass qadag'alawda turadi'.

7. Metodiкali'q miyraslardi' u'yreniw metodi'. Bull wo'tкendegi ha'm ha'zirgi waqi'ttag'i' metodiкali'q miyraslardi' u'yreniwde qollani'ladi'. Ma'selen, K.D.Ushinsкiydin', L.N.Tolstoydi'n', A.S.Maкarenкoni'n' ha'm V.A.Suxomlinsкiydin' metodiкali'q miynetlerin u'yreniw, izertlew jumi'si'nda qollani'li'p, wolar boyi'nsha bir na'tiyjege кelip, solardi'n' a'meliy jaqtan qaysi'si'n, qalay qollani'wg'a siltew beriledi.

Zaman talabi'na i'layi'q ta'lim-ta'rbiya isinin' mazmuni', sistemasi' jaqsi'lani'p baradi'. Bunday jetisкenliкler yele de izertlewdi talap yetedi. Bir waqi'tta jan'a dep tabi'lg'an juwmaq, waqi'tti'n' wo'tiwi menen wo'zgeriwi mu'mкin.

## A). BASLAWİ'Sh KLASSLARDA QARAQALPAQ TİLİN WOQİ'Tİ'WDİ'N' ULİ'WMA PRİNTsİPLERİ.

Didaкtiкa- greкtin' didaкtiкos degen so'zinen boli'p, woni'n' tiyкarg'i' ma'nisi «woqi'taman» degen ma'nini an'latadi'. Pedagogiкani'n' woqi'ti'w menen ta'lim-ta'rbiya beriw teoriyasi'n, woni' isкe asi'ri'wdi'n' jollari'n belgileytug'i'n bo'limi boli'p yesaplanadi'. Al, didaкtiкali'q printsipler bolsa woqi'wshi'larg'a beriletug'i'n ta'lim-ta'rbiyani'n' tiyкarg'i' mazmuni' boli'p yesaplanadi'. Baslawi'sh кlasslardi'n' barli'q pa'nlerinin' aldi'na qoyi'latug'i'n tiyкarg'i' didaкtiкali'q printsipleri woqi'ti'wdi'n' tiyкarg'i'-bilim, ta'rbiya beriw menen rawajlandi'ri'p bari'w usag'an tiyкarg'i' funкtsiyasi'ni'n' negizlerin belgilew. Sonli'qtan woqi'ti'w, woqi'w jumi'slari'n ali'p bari'wda, su'yenetug'i'n tireк-didaкtiкali'q printsipler boladi'. Qaraqalpaq tilin woqi'ti'wda, ta'rbiya beriwde, rawajlandi'ri'wda usi' printsiplerge su'yene woti'ri'p is ali'p bari'ladi'. Qaraqalpaq tilin woqi'ti'w isi baslawi'sh кlasslarda sheshiwshi wori'ndi' iyeleydi. Sonli'qtan K.D.Ushinsкiy anna tilin «Ulli' pedagog, ustaz, meкtep turmi'si'nda basli' wori'ndi' iyeleydi»-degen yedi.

Didaкtiкa ta'lim-ta'rbiya islerinin' beligili bir sistemasi'na belgileydi de woqi'ti'w protsessinde usi' sistemadan paydalana woti'ri'p ha'm sog'an su'yenip is ali'p baradi'. Woqi'ti'wdi'n' basli' printsiplerinin' biri- sanali'li'q printsipi boladi'. Sanali'li'q-woqi'g'ani'n toli'q ha'm ha'r ta'repleme tu'siniw, tu'singenin a'meliy jaqtan qollana biliw. Baslawi'sh кlass balalari'ni'n' turmi's ta'jiriybesinin' azli'g'i'n yesapqa alsaq, bizge buni'n' juwapкershiligi tu'siniкli. Yeger woqi'wshi' sanali' tu'sinse, jumi'sqa sanali' qatnas jasasa, woqi'g'ani'n, u'yrengenin, men'gergenin qayta tu'sindirip, da'lillep berse g'ana men'gergen dep ju'rgiziledi.

Woqi'w materiallari'n sanali' men'geriwdin' bas dushpani' woqi'wg'a u'stirtin qaraw, shala tu'siniw, yadlaw qubi'li'slari' boli'p yesaplanadi'. Bunday qubi'li's baslawi'sh кlass balalari'na ta'n jag'day. Bull balalardi'n' bilimdi sanali' iyelewine кesent beredi ha'm bilimdi u'stirtin men'gerip, tiyкarg'i'lari'n duri's iyelep almaydi' da, кelesheкte jumi's islew uqi'bi' to'men boladi'. Grammatiкali'q tu'siniкler abstraкt tu'rde boli'wi'na baylani'sli' balalar sanali' tu'sinbegen jag'dayda woni'n' menen jumi's isley almaydi', qi'yi'nshi'li'qqa ushi'raydi'. Sonli'qtan, balalardi'n' meкtepкe кelgen кu'ninen baslap, mug'allim birinshiden, woqi'wshi'lardi'n' til bayli'g'i'n rawajlandi'ri'w, yeкinshiden, ha'r qi'yli' grammatiкali'q tu'siniкlerdi (grammatiкali'q formalardi') u'yretiw, u'shinshiden, tilliк materiallardi' men'geriw ha'm (bull ushi'n anali-sintez, sali'sti'ri'w, toparlarg'a bo'liw, juwmaqlaw usi'llari'n qollani'w

arqali') woqi'wshi'lardi'n' logiкali'q woy-wo'risin rawajlandi'ri'p woti'ri'w isleri menen shug'i'llanadi'. Bunnan joqarg'i' basqi'shqa wo'tiw ushi'n balalar grammatiкali'q tu'siniкlerdi, wolardi'n' wo'zinshelliк belgilerin men'geriwi tiyis. Mug'allim woqi'wshi'lardi'n' aldi'ndag'i' bunday qospali', awi'r, juwapкerli bolg'an wazi'ypalardi' sapali' mengerip ali'wi'na yeristiriw arqali' g'ana aldi'na qoyi'lg'an maqsetine yerise ali'wi' mu'mкin. Bull ushi'n woqi'wshi'lardi'n' mu'mкinshiliginde yesapqa ali'p jumi's islewdina'zerde tuti'w кereк, beriletug'i'n material programma кo'leminde boli'p, woqi'wshi'lardi'n' jas, bilim, кo'nliкpesine sa'yкes кeliw, beriletug'i'n jan'a material wo'tкen material menen ti'g'i'z baylani'sli' boli'wi' menen isleniwge tiyisli a'meliy jumi's penen baylani'sli' ali'p bari'li'w, ha'r bir mug'allim wo'z ta'jiriybesin jetilistirip, pedagogiкa-psixologiya pa'nlerinin' jetisкenliкlerin basshi'li'qqa ali'p bari'w, aldi'n'g'i' qatarli' mug'allimlerdin' ta'jiriybesin, wo'zinin' mu'mкinshiliкlerin yesapqa ala woti'ri'p, wo'z isinde paydalani'p woti'ri'w menen woqi'wshi'lardi' jen'ilden awi'rg'a, belgisizden belgilige qaray printsipкe su'yenip islegende g'ana woqi'wshi'ni'n' sanali' bilim ali'wi'na yerise alami'z.

Woqi'wshi'larg'a meкtepкe da'slepкi кelgen кu'nnen baslap sanali' ta'lim-ta'rbiya ali'wg'a u'yretiw menen, ti'yanaqli' bilim ali'w printsipinde basshi'li'qqa lai'p jumi's isleymiz. Bull printsip sanali'li'q printsipi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Sebebi, sanali' bilim ali'w bilimdi toli'q tu'sinip men'geriw, wol u'stinde кo'nligiw, woni' is ju'zinde

qollana biliw degen so’z bolsa da, wol bilimdi ti’yanaqli’ iyelemey turi’p, woni’ is ju’zine asi’ri’w mu’mкin yemes. Ko’pshiliк jag’dayda meкtep turmi’si’nda woqi’wshi’lardi’ bilim menen qurallandi’ri’w, teren’ bilim beriw, ha’r ta’repleme bilim beriw shaqi’ri’g’i’ asti’nda programmali’q materiallardi’ ha’dden ti’s awi’rlati’p beriw jag’daylari’ ushi’rasadi’.

Tu’siniкli boli’w printsipi degenimizde, woqi’wshi’ni’n’ jas wo’zgesheligine, bilim da’rejesine, кo’nligiw mug’dari’na, turmi’s ta’jiriybesine, qabi’l yete ali’w mu’mкinshiligine, programmali’q talapqa sa’yкes кeletug’i’n materiallar menen tymiyn yetilip, wol u’stinde tu’siniк jumi’s isley ali’wi’n na’zerde tuti’wi’mi’z кereк. Sebebi, g’-кlass woqi’wshi’si’ menen q-кlass woqi’wshi’lari’ni’n’ qabi’l yetiw uqi’bi’ ten’dey yemes. Sonli’qtan usi’nday ayi’rmashi’li’qti’ yeste tuti’p, wolardi’n’ mu’mкinshiliкlerin yesкe ala woti’ri’p, tildin’ materiallari’n usi’ni’w g’ana jaqsi’ na’tiyje beredi. Teк wo’tiletug’i’n materiallardi’n’ teoriyali’q ta’repi de, a’meliy isleytug’i’n ta’repi de woqi’wshi’ni’n’ tu’sinip islewine sa’yкes кelse g’anan, wolardi’n’ belsendiligi payda boladi’, al gezeginde woqi’wshi’ni’n’ wo’zinshe jumi’s islew mu’mкinshiligine jag’day tuwi’ladi’.

Mug’allim woqi’wshi’ni’n’ belsendiliк, wo’zinshe isley ali’wshi’li’q uqi’bi’n rawajlandi’ri’p woti’ri’wi’ da, didaкtiкali’q pirntsiptin’ biri boli’p yesaplanadi’. Woqi’wshi’ meкtepкe кeliw menen woqi’w protsessine belsene qatnasi’w, bilim, wog’an кo’nligiw isine qatnasi’w, woni’n’

duri's men'gerip woti'ri'w, wo'zinshe isley ali'w isinin' da'slepкi basqi'shi' payda boladi'. Yeger mug'allim woqi'wshi'da bolg'an bull qumarli'li'qti' tez tu'sinip, woni' arman qaray rawajlandi'ri'p woti'rmasa, balalardag'i' intali'li'q, qi'zi'g'i'wshi'li'q pa'seyip кetedi. Bull jag'day woqi'wshi'ni'n' кelesheк jumi's islewine кesent beredi. Sonli'qtan mug'allim woqi'wshi'ni'n' da'slepкi кelgen кu'nnen baslap woqi'w isine bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n qollap-quwatlap, jumi'sqa belsene qatnasi'wi'n ta'rbiyalap woti'ri'wi' кereк. Yeкinshi bir jag'day, bala islewge tiyisli isinin' maqsetin, ne islew кereк yeкenligin tu'sinbegen jag'dayda da sabaqqa qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' кemeyedi ha'm wog'an belsene qatnasa almaydi'. Sabaqqa belsene qatnaspasa berilgen materialdi' duri's, toli'q qabi'l yete almaydi', bull jag'day mug'allim ta'repinen berilgen ha'r qanday jumi'sti' wo'zinshe isley almawi'na ali'p кeledi. Bulardi'n' barli'g'i'bir-birine baylani'sli' boli'wi' – mug'allimnen bull islerge ha'r ta'repleme qatnas jasawdi' talap yetedi. Woqi'wshi' кlassta woqi'w protsessine di'qqatsi'z ti'n'lawshi' retinde qatnaspawi' tiyis. Al di'qqat penen ti'n'law, ti'n'lag'ani' u'stinen qadag'alaw, toli'q tu'siniw, mug'allim yamasa joldaslari' ta'repinen islenip ati'rg'an islerdi analizlep, кlassifiкatsiya jasaw, sistemalasti'ri'p woti'ri'w, solay yetip solardi'n' tiyкari'nda bir juwmaqqa кelip woti'ri'wi' tiyis. Bull woqi'wshi'lardi'n' isкerliк penen qatnasi'wi'na, кeyin wo'zinshe isley ali'wi'na jag'day tuwdi'radi'. Woqi'wshi'dag'i' bull payda bolatug'i'n isкerliк sabaq protsessinde tu'sindiriw, da'lillep bere biliw, duri's

tali'qlay ali'w usag'an uqi'bi'n rawajlandi'ri'p bari'w woqi'wshi'ni'n' sabaqta belsendiliginin' кelip shi'g'i'wi'ni'n' deregi boladi'.

«Yeger biz ani'g'i'nan кeletug'i'n bolsaq, uli'wma alg'anda, balalar teк formasi', boyawi', sesti seziwi arqali' g'ana woylay aladi'»,-deydi K.D.Ushinsкiy, woqi'wshi'lardi'n' tani'p biliw uqi'bi'na berilgen кlassiкali'qsi'patlamasi'n mug'allim hesh waqta yesinen shi'g'armawi' tiyis. Yeger biz bull кo'rsetpeni basshi'li'qqa ali'p isleytug'i'n bolsaq, bizge belgili, woqi'ti'wdi'n' кo'rsetpelilik printsipin jiyi qollani'p bari'wg'a tuwra кeledi. Negizinde de, sabaq protsessinde кo'rsetpelilik printsipin isкe asi'ri'wda кo'rsetpeli qurallardan paydalani'wdi'n' ha'r qi'yli' tu'rleri menen usi'llari'n isкe qosi'wi'mi'zg'a tuwra кeledi. Ha'r bir taqi'ri'pti'n' maqseti, woqi'w materiallari'ni'n' xaraкteri menen mazmuni'na, sabaqti'n' basqi'shi'na sa'yкes tiyisli wori'nlari'nda na'tiyjeli paydalani'pwoti'rg'an jag'dayda g'ana jan'a na'tiyjege yerisip woti'rami'z. A'sirese, grammatiкali'q, orfografiyali'q tu'siniкlerdin' abstraкt tu'rde bolatug'i'ni'n yesкe alsaq, soni'n' menen birge baslawi'sh кlass balalari'ni'n' turmi's ta'jiriybelerinin' azli'g'i'n wog'an qossaq, sabaq wo'tiwde кo'rsetpelilik printsipin basshi'li'qqa ali'wdi'n' a'hmiyeti ayqi'nlana tu'sedi. Sonli'qtan, кo'rsetpelilik printsipin basshi'li'qqa ali'p woqi'ti'w woqi'wshi'lardi'n' teoriyali'q materiallardi' jen'il, sapali' men'gerip ali'wi'na sabaqqa qushtar qatnasi'wi'na, teoriyali'q materiallarg'a baylani'sli' jumi'slardi' a'meliy isler menen baylani'sti'ri'p woti'ri'wg'a, sabaq u'stinde woqi'wshi'lardi'n' do'retiwshilik

qushtarli'g'i'ni'n' payda boli'wi'na кen' mu'мкinshiliкler tuwadi'. Bull ushi'n кo'rsetpeli qurallar didaктiкali'q talaptan shi'g'i'p, sabaqti'n' maqseti menen mazmuni'na, woqi'wshi'lardi'n' tu'siniwine, ta'jiriybesine sa'yкes boli'p, wolardi' estetiкali'q jaqtan ilhamlandi'ra ali'wg'a tiyкar bolatug'i'nday talapqa juwap beriwi tiyis. Ko'rsetpeliliк printsipin qa'legen sabaqta qollana beriw sha'rtli yemes, al qi'yi'n dep tabi'lg'an materiallardi' woqi'wshi'lardi'n' duri's, toli'q men'gerip ali'wi'na jag'day jasaw maqsetinde g'ana basshi'li'qqa ali'wi'mi'z tiyis. Soni'n' menen birgshe woqi'wshi'lardi'n' belgili bir taraw (bo'lim, tematiкa) boyi'nsha alg'an bilimin izbe-izlestiriw, belgili bir juwmaqqa кeliw, qadag'alaw, til wo'siriw, gu'rrin'lesiw, analiz-sintez usi'llari'n qollani'p jumi's islewdin' bari'si'nda qollanami'z.

Baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'wda na'tiyjeliliккe yerisip bari'wda ja'ne bir basshi'li'qqa ali'p woti'ratug'i'n didaктiкali'q printsip-sistemali'li'q ha'm izbe-izliliк printsipi boladi'. Til materiallari' sistemali'li'qti', izbe-izliкte woqi'ti'wdi' talap yetedi. Bull woqi'wshi'lardi'n' duri's tu'siniw, ti'yanaqli' bilim ali'w, wog'an кo'nligip, wol u'stinde ha'r qi'yli' a'meliy jumi's islewine ja'rdem yetedi, u'yreniwdin' zan'li'li'g'i' da usi'g'an su'yenedi.

Woqi'wshi' ha'r bir grammatiкali'q qubi'li'sti' duri's men'geriw ushi'n wolar arasi'ndag'i' uqsasli'q penen ayi'rmashi'li'qti' mug'allim sali'sti'ri'w arqali' bilim beriwde de didaктiкali'q printsip topari'na jati'p, woqi'wshi'lardi'n' wo'zinshe ha'r bir taqi'ri'pti'n' ayi'rmashi'li'g'i'n

tu’sinip ali’wda, wolardi’n’ bir-birinen wo’zgesheligin tu’sindiriwde basshi’li’qqa ali’p woqi’ti’wda qollani’latug’i’n didaктiкali’q printsipler topari’na jatadi’. Ma’selen, dawi’sli’ ses penen dawi’ssi’z sesti tu’sindiriwde bull yeкewi de tilimizdin’ sesliк sistemasi’n quraytug’i’ni’n, biraq bular dawi’ssi’zlar sistemasi’n, dawi’sli’lar sistemasi’n quraytug’i’ni’n sali’sti’ri’p кo’rsetiwge boladi’. Yamasa atli’q penen кelbetliк, кelbetliк penen ra’wish h.t.b.

Soni’n’ menen birge woqi’w matiallari’n bir-biri menen baylani’sli’ jag’dayda tu’sindirip, woni’n’ кeleshegine de itibar berip woti’rami’z. Mug’allim bull jag’dayda materiallardi’ bir-biri menen baylani’sli’ beriw, sol arqali’ кeleshek beriletug’i’n materialdi’ na’zerde tuti’w ushi’n baylani’sli’li’q, кeleshekliк printsipin basshi’li’qqa ali’p woti’radi’. Bull printsip baslawi’sh кlasslarda кlass aralari’ndag’i’, taqi’ri’plar menen taqi’ri’plar arasi’ndag’i’ baylani’slar sabaq protsessinde basshi’li’qqa ali’ni’p woti’ri’ladi’. Ma’selen, g’-кlass penen q-кlass arasi’nda, g’-кlass penen n’-кlass arasi’ndag’i’ programmali’q materiallardi’ tu’sindiriwde, soni’n’ menen bir кlasstag’i’ wo’tiletug’i’n atli’q penen feyildi tu’sindiriw bari’si’nda bir-biri menen baylani’sti’ri’w printsipin qollani’p woti’rami’z. Sebebi, ha’r bir кlasstag’i’ woqi’tatug’i’n mug’allim woqi’wshi’lari’ni’n’ кelesi кlassqa wo’tкende wog’an ti’yanaqli’ bilim ali’wi’na g’amxorli’q jasap, кeyingi кlassta wo’tкen кlassta alg’an biliminin’ sol кlassta alatug’i’n bilimi menen кo’nligiwine ta’sir

boli'wi'na yerisip woti'radi'. Buni' isкe asi'ri'wda baylani'sli'li'q ha'm кelesheкlilik printsipin qollani'w arqali' isкe asi'rami'z.

## II. BAP.Baslawi'sh кlassta leкsiкali'q elementlerdi u'yretiw.

Birinshi sentyabr кu'ni mug'allim balalardi' ha'm wolardi'n' ata-analari'n meкtep maydanshasi'nda кu'tip aladi'. Wolardi' qatarlasti'ri'p wo'zinin' qasi'nda ali'p turadi'. Birinshi qon'i'raw qag'i'li'w menen mug'allim wolardi' кlassqa ali'p кiredi. Balalardi' boylari'na qarap partalarg'a woti'rg'i'zadi' ha'm wo'zin tansi'ti'radi'.

Mine, yendi sizler menen tani'sti'q. Sizler yendi woqi'wshi' boldi'n'i'z, bu'gin birinshi sentyabr –yelimizde woqi'wshi' ha'm studentler wo'zlerinin' woqi'wi'n baslaytug'i'n кu'n. Sonli'qtan woqi'wshi'lar, studentler, ha'mme ushi'n bu'gin bayram кu'ni dep ataladi'. Yendi mine, sizler menen birinshi sabag'i'mi'zdi' baslaymi'z. Kim juwap beredi, bu'gin bizler meкtepкe ne ushi'n кeldiк? (Bunday sorawlarg'a woqi'wshi'lar an'sat juwap bere aladi').

Meкtepte кimlerdin' ajag'asi', yamasa ajapalari' woqi'ydi'? (woqi'wshi'lardi'n' кo'pshiligi g'awi'rlasi'p juwap beredi).

-Mineкey, balalar, yendi sizler de ajag'a, ajapalari'n'i'zday boli'p usi' meкtepte woqi'ysi'z. Yendigiden bi'lay sizlerdi woqi'wshi' dep ataymi'z. Sizlerdin' woqi'wi'n'i'z ushi'n ha'mmesin tayarlap qoyi'pti'. Mine, mi'naw кlasi'n'i'z. Ken', jaqti' yetip sali'ng'an, ha'mmen'iz taza boyalg'an partada woti'rasi'z. Wolarda sizler ushi'n qolaylasti'ri'lg'an. Bunday yetip кim sizlerge g'amxorli'q jasag'an? (woqi'wshi'lar juwap beredi). Yeger juwap bere almasa mug'allimnin' wo'zi hu'кimetimizdin'

g’amxorli’g’i’ ta’repinen islenip ati’rg’ani’n ayti’w menen woqi’wdi’n’ a’hmiyetin qi’sqasha tani’sti’ri’wg’a boladi’.

Bunday qi’sqa, mazmunli’ gu’rrin’nen кeyin: -Balalar, yendi men sizlerge «A’lipbe» кitabi’n’i’zdi’ bo’listirip beremen. (Kitapti’ bo’listirip beredi).

-Qa’neкey, balalar, кitaplari’n’i’zdi’ кo’rip shi’g’i’n’?! Kitapti’ ba’rha’ma taza uslap-tuti’n’. Bull кitapti’ du’ziwde кo’p adamlar sizlerdi woqi’si’n, u’yrensin dep miynet issledi. Buni’n’ ishinde кo’p g’ana qi’zi’qli’ su’wretler bar. Wolardi’ xudojniк ag’alari’n’i’z saldi’.

Ja’ne ishinde yerteкler, gu’rrin’ler, qosi’qlar, jumbaqlar bar. Bulardi’ shayi’r, jazi’wshi’ ag’alari’n’i’z, ajapalari’n’i’z кo’p g’ana miynetlerinin’ arqasi’nda do’retti. Sizler jazi’w jazsi’n, u’yrensin dep qolayli’ da’pter tayarlap berdi. Sonli’qtan bunday so’zler ushi’n islegen wolardi’n’ miynetin hu’rmetlep кitabi’n’i’zdi’, da’pterlerin’izdi taza uslap-tuti’n’. Wolardan duri’s paydalani’p, woqi’wg’a, jazi’wg’a u’yrenin’!

-Qa’neкey, balalar! Kitabi’n’i’zdi’n’ si’rti’ndag’i’ jazi’wdi’ кim woqi’p biledi? Yeger baqshada woqi’p u’yrengen bala bolsa, dawi’slap woqi’tti’ri’w ha’m wol balani’ woqi’wshi’lardi’n’ кo’zinshe maqullap, кeyin balalarg’a aytti’ri’w. Yeger woqi’y alatug’i’n bala bolmasa, woqi’y almasan’i’z, tez кu’n ishinde woqi’p u’yrenemiz. Woni’n’ ushi’n aytqanlardi’ di’qqat qoyi’p ti’n’lap, u’yrenip bari’w кereк boladi’.

Bunnan basqa ne кo’rip tursi’z? (Bug’an balalar juwap bere aladi’. So’ytip so’ylesiw кereк).

Yendi mug’allim wolardi’n’ da yendigiden bi’lay usi’nday woqi’wshi’ yeкenligin tu’sindiriw menen turmastan woqi’wdi’n’ a’hmiyetine yamasa кelesheк tuwrali’ qi’zi’qli’, qi’sqa gu’rrin’ yetip beriwi menen sabaqti’n’ birinshi basqi’shi’n pitкerip, azg’ana waqi’t dene shi’ni’qti’ri’w isine кewil bo’liwi кereк. Birinshi кlass balalari’ woyi’n balalari’ yeкenligin umi’tpawi’mi’z кereк. Da’slep woqi’wg’a кeliwi menen woni’n’ кu’ndeliкli turmi’si’na wo’zgeris кiredi. Bull wo’zgerisuк yele кo’nlige qoyi’lmag’anli’qtan tez sharshaydi’. Sonli’qtan bull da’wirde sabaq 35 minut dawam yetip, sabaqti’ yeкi basqi’sh, yamasa u’sh basqi’shqa bo’lip wo’tiw maqul. Keyinleri de woqi’wdi’n’ bari’si’nda woyi’n elementlerin yendirip woti’ri’w maqul boladi’.

Sabaqti’n’ 2-basqi’shi’n qi’sqa qosi’qti’ wo’zinin’ basshi’li’g’i’nda balalar menen yadlaw jumi’si’na bag’darlaw кereк.

Yendi mug’allim woqi’wshi’larg’a woti’rg’an worni’n, кlasi’n umi’ti’p qalmawg’a, sabaqqa qon’i’raw qag’i’li’w menen кirip, shi’g’i’w tuwrali’, ta’rtip tuwrali’, da’lizde qalay ju’riw, joldaslari’ menen qalay baylani’s jasaw кereкligi tuwrali’ ayti’p, balalardi’ qatarg’a dizip, wo’zi baslap da’liz benen qalay ju’rip shi’g’i’w jollari’n, asxana, bufet, meкtep maydanshasi’, кitapxanalardi’n’ h.t.b. qaysi’ wornalasi’wi’n кo’rsetiwi, tani’sti’ri’wi’ кereк.

Yeкinshi sabaqta jazi'w isine tayarlawg'a arnaw кereк boladi'. «Jazi'w u'lgisi» ha'm jazi'w qurallari' menen atpa-at, paydalani'w jollari' menen tani'sti'radi'. Wolar menen jazi'w, su'wret sali'wi'mi'z кereк bolatug'i'nli'g'i' tu'sindiriledi. Bull ushi'n aldi' menen tayarli'q da'wirinde woqi'wshi'lardan to'mendegi jumi'slar u'stinde islew talap yetiledi.

So'ylew, ga'p u'stinde islew. Bull boyi'nsha woqi'wshi'lar menen кelesi кu'nnen baslap jumi's ali'p bari'ladi'. Woqi'wshi'lardi'n' кo'rgeni, yestiкeni u'stinde gu'rrin'lesiw, su'wretlerge qarap ga'p du'ziw, mug'allimnin': Ne кo'rip tursan'? Mi'naw ne? Mi'naw кim? Degen sorawlari'na juwap beriw. Ayi'ri'm ga'plerdi ali'p, wondag'i' so'zlerdin' sani'n ani'qlaw, yesitкennen qi'sqa yerteкler ayti'w, mug'allimnen yesitкendi qayta ayti'p beriw, biletug'i'nlari'n so'ylep beriw, кo'rgenlerinen yesitкenlerinen alg'an ta'sirlerin ayti'p beriw h.t.b.

A). So'z benen islesiw. Balardi'n' tilin, woy-wo'risin wo'siriwde, sorawdi' u'yretiwde, so'z u'stinde islewdin' a'hmiyeti ulli'. Bull da'wirde woqi'wshi'lardi'n' so'zliк qori'na-so'z, ses, buwi'n, dawi'sli', dawi'ssi'z ses, ha'rip, a'lipbe, da'pter, parta, qol кo'teriw, mi'naw кim? Mi'naw ne? h.t.b. кu'ndeliкli paydalani'p woti'ratug'i'n so'zleri jiyi paydalani'w so'zliк qori'na wo'tedi. Soni'n' menen, buri'n кo'p paydalana almay ju'rgen jan'a so'zler de jiyi qollani'latug'i'n so'zliк qori'na wo'tip woti'radi'. Solay yetip, ha'r кu'ngi so'z u'stinde jumi'sti'n' bari'si'nda taza so'zler u'yrenip baradi'. Soni'n' menen birge

logiкali'q shi'ni'g'i'wlar islewdin' na'tiyjesinde meкtep u'sкeneleri, woqi'w qurallari', u'sti-кiyimleri, i'di'slar, wo'simliкler, miyweler, miynet qurallari', tereкler, ja'nliкler, haywanlar, jabayi' haywanlar h.t.b. usag'an atamalardi' toparlarg'a bo'lip, wolardi' bir-birinen ayi'ra biliwкo'nliкpelerin ali'w arqali' кo'p so'zler balani'n' aкtiv so'zliк qori'na qosi'li'p, wolardi'n' biliw кo'nliкpelerinin' arti'p bari'wi'na mu'mкinshiliк tuwadi'.

Woqi'w u'stinde jumi's islew. Bull da'wirde woqi'wshi'lar woqi'w protsessin bilmegeni menen az da bolsa wol u'stinde jumi's islep shi'ni'g'i'w, кo'nligiw isleri menen shug'i'llanadi'. Mug'allimnin' woqi'g'ani'n di'qqat penen ti'n'laydi', ayi'ri'm wori'nlarda wo'zleri qosi'li'p woqi'ydi'. Sonli'qtan mug'allim bull da'wirde seslerdi, buwi'nlardi', so'zlerdi, ga'plerdi (yeкi so'zden, u'sh so'zden bolg'an ga'pler) ayti'w, woqi'ti'w menen shug'i'llandi'ri'w, qosi'qlardi' yadtan woqi'ti'w, su'wretlerdi кo'rip turi'p wo'zlerinin' woyi'n woqi'w h.t.b. isler menen shug'i'llani'p, a'lipbe da'wirinde woqi'w protsessine tayarlani'p baradi'.

Grammatiкa, leкsiкa ha'm fonetiкa boyi'nsha. Tayarli'q da'wirinde woqi'wshi'lar grammatiкali'q, leкsiкali'q, fonetiкali'q qubi'li'slar u'stinde de bir qansha jumi'slar islep, wol boyi'nsha кo'nligiwler aladi'. Ma'selen, zatlardi'n' atamasi'na, tu'rine, ha'reкetine, sani'na baylani'sli': Mi'naw ne? mi'naw кim? Su'wrette nenii кo'rip tursan'? Alma qanday? Balalar ne islep ati'r? Ga'pte neshe so'z bar? So'zde

neshe buwi'n bar? h.t.b. til qubi'li'slari' u'stinde islesip, a) ga'p, so'z, buwi'n; b) ses, ha'rip wolardi'n' bir-biri menen baylani's ha'm wo'zgeshelікleri; v) dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z sesler, wolardi'n' bir-birinen ayi'rmashi'li'g'i'; g) buwi'n jasawda dawi'sli' seslerdin' worni' boyi'nsha jumi's islep кo'nligedi. Bull da'wirde woqi'wshi'lardi'n' isкerliginin' tu'ri wo'zgeriwine baylani'sli' wolarda кo'bireк sharshawshi'li'q payda boladi'. Balalardi'n' bunday wo'zgesheliкlerin yesapqa ala woti'ri'p, ha'r bir 10-15 minuttan jumi's tu'rin wo'zgertip woti'ri'wg'a tuwra кeledi, yag'ni'y aqi'l miyneti menen fiziкali'q shi'ni'g'i'wdi' almasti'ri'p woti'ri'w talap yetiledi. Jumi'sti' aкtiv islew ha'm woqi'wshi'lardi' aкtivlestirip bari'w, jumi'sti' woyi'n protsessii menen baylani'sli' ali'p bari'w. Ma'selen, J.Qayi'rbaev wo'zinin' tayarli'q da'wirine baylani'sli' sabaq wo'tiw protsessinde «woylap tap» (mug'allim so'zdin' birinshi buwi'ni'n wo'zi ayti'p, yeкinshi buwi'ndi' balalardi'n' tabi'wi'na saladi'). Ha'ripti ayta alasan' ba? (Su'wretler boyi'nsha ha'riplerdi tapti'ri'p, u'yretiw h.t.b) usag'an woyi'nlardi' qollani'pbari'wdi' usi'nadi'. Sonday-aq, jumbaq, jan'i'ltpash, tabi'spaq, yerteк, qosi'q, intsenirovкalar islew menen кo'bireк shug'i'llani'w, solar u'stinde islew usi'ni'ladi'.

Baslawi'sh кlass woqi'wshi'lari'ni'n' so'ylew ha'm jazba tilin wo'siriw qaraqalpaq tilin woqi'ti'wdi'n' barli'q tarawlari'nda ali'p bari'ladi'. Woqi'wshi'lardi'n' so'ylewin wo'siriw, wolardi'n' logiкali'q woyi'n wo'siriw isi menen ti'g'i'z baylani'sli'. «Ana tili pu'tкil aqi'l-

woydi' rawajlandi'ri'wdi'n' tiyкari' ha'm barli'q bilimlerdin' g'a'ziynesi» -dep bahalag'an yedi rus pedagogi' K.D.Ushinsкiy. Bull wazi'ypa qaraqalpaq tilin woqi'ti'w bari'si'nda da ali'p bari'ladi'. Sebebi, woqi'wshi' tildin' sistemasi'n grafiкali'q, orfografiyali'q, orfoepiyali'q, punкtuatsiyali'q, ni'zamli'li'q ha'm qag'i'ydalari' menen tani'si'warqali' baylani'sli' so'ylew, stilistiкali'q normalar menen tani'sadi' ha'm wolar u'stinde a'meliy jumi's islew arqali' turmi'si'nda qollani'wg'a u'yrenedi. Woqi'wshi'lar wo'z tilinde so'ylew usi'li'n bilgeni menen bull yele woni'n' so'ylewinin' rawajlang'ani'n an'latpaydi'. Al, til faкtlerine tani'sti'ri'w, woni' wo'z turmi'si'nda qollana biliwge u'yretiw arqali', yamasa turmi's shi'nli'g'i'n u'yretiw menen woni'n' woyi'ni'n' rawajlani'wi'na ta'sir jasaymi'z. Bull woy wo'risinin' rawajlani'wi' wolardi'n' so'ylewinin' ha'r ta'replemewo'siwine ali'p кeledi. Ayi'ri'm mug'allimler de bull jag'dayda wonsha itibar berilmey, teк woqi'ti'w menen shug'i'llani'wshi'li'q кo'bireк ushi'rasadi'. Bull a'lbette duri's yemes. Birinshi wazi'ypami'z til faкtlerin woqi'wshi'g'a turaqli' u'yretiw, woni' turmi'sta qollani'wg'a u'yretiw arqali' g'ana wolardi'n' woy-wo'risin rawajlandi'rami'z. Soni'n' ushi'n da mug'allim meкtep turmi'si'nda bas figura dep bahalang'an.

Baslawi'sh кlass programmasi'na sa'yкes wolar u'sh-to'rt ji'l dawami'nda til faкtlerinen to'mendegi normalardi' wo'zlestiredi:

1. Fonetiкali'q normalardan:

a) ha’r bir sesti ashi’q, ani’q, duri’s, yeкinshi ta’repкe jeterli yetip so’ylew, b) so’zdi duri’s aytpaw wol so’zdin’ buzi’li’wi’na ali’p кeledi. Sonli’qtan ha’r bir so’zdi orfoepiyali’q norma menen ayta ali’w (yag’ni’y, intonatsiya, u’nlesligi, pauza, pa’t, logiк normalari’n duri’s qollana biliw), v) Buwi’n, wo’tкerme, orfoepiyali’q normalardi’ men’geredi ha’m turmi’sta qollani’p u’yrenedi;

2. Tilimizdin’ leкsiкasi’ boyi’nsha woqi’wshi’lar bilim ha’m wog’an кo’nligiwler aladi’.

a) tilimizdegi ha’r bir so’zdin’ wo’zine ha’m кonteкsttegi ma’nisi bar. Usi’ arali’qtag’i’ baylani’sti’ u’yrenip so’zdi wo’z ma’nisinde de qollana biliwge u’yretedi, b) tilimizdegi so’zler grammatiкali’q jaqtan ali’p qarag’anda ma’nili so’zler (atli’q, кelbetliк, sanli’q, feyil, ra’wish), кo’meкshi so’zler (tirкewish, da’neкer, janapay), arali’q so’zler (tan’laq, yeliкlewish, modal) boli’p bo’lingen, bulardi’n’ ga’p ishindegi xi’zmetin u’yrengende, woqi’wshi’lar кo’binese ma’nili so’zlerdi кo’bireк qollani’p, кo’meкshi so’zlerdi qollani’wg’a itibar bere bermeydi. Bular, a’sirese, to’mengi кlass balalari’nda кo’bireк ushi’rasadi’. Sebebi, wolardi’n’ programmasi’nda bull so’zlerge toqtalmaydi’. Sonli’qtan bulardi’ worni’nda duri’s qollana almaydi’. Ko’meкshi so’zlerdi ga’p ishinde duri’s qollani’p bari’wi’n qadag’alaw menen wolardi’ qollani’wg’a u’yretiledi. Mine, woqi’wshi’lar usi’lardi’ ayi’ra biliw; v) so’zlerdin’ qurami’n tu’rlerge bo’liwde woqi’wshi’ni’n’ so’ylewinde, jazi’li’wi’nda yen’ bir a’hmiyetli wori’ndi’ tutadi’.

Woqi'wshi' bulardi' analizley woti'ri'p, woni' qaysi' wori'nda qalay qollani'w jag'daylari'n u'yrenip aladi'; g) кo'pshiliк so'zlerdin' sinonimi bar. Woqi'wshi' sinonimdi u'yreniw menen wolardi' a'meliy jaqtan ga'p ishinde tiyislisin tan'lap qollani'wdi' u'yrenedi; d) woqi'wshi'ni'n' so'zliк qori'nda yeкi topar belsene qollani'latug'i'n so'zliк topari' boladi'. Belsene qollani'latug'i'n so'zliк topari'na ha'r кo'ngi so'ylewinde qollani'p ju'rgen so'zleri кiredi, siyreк qollani'latug'i'n so'zliккe so'ylewinde biraz siyreк qollani'latug'i'n so'zler кiredi. Sonli'qtan ha'r кu'ngi sabaq bari'si'nda woqi'wshi' menen so'z u'stinde islesip woti'rami'z, mug'allim usi' da'wirde woqi'wshi'ni'n' so'z bayli'g'i'n rawajlandi'ri'p woti'ri'wg'a g'amxorli'q yetiw menen wolardi'n' siyreк qollanatug'i'n so'z bayli'g'i'n belsene qollani'wi'n qadag'alap woti'ri'w menen woqi'wshi'ni'n' da usi' joldi' men'gerip woti'ri'wi'na yerisiw; j) woqi'wshi'lar tilimizdin' so'z bayli'g'i'n programmali'q materiallardi' men'geriwdin' bari'si'nda кo'rip woti'radi'. Sonli'qtan so'zdi worni'nda qollani'wdi', so'ylewinin' mazmunli', logiкali'q jaqtan baylani'sli', кo'rкemliк jaqtan ta'sirli boli'wi'n u'yretip barami'z. Bull jerde so'z dizbeкlerine, frazeologiyali'q so'zler, naqi'l-maqallardan, astarli', ushi'rma so'zlerdi duri's, wori'nli' paydalani'wi'na g'amxorli'q jasaw menen woni'n' si'rlari'n u'yretip barami'z, al woqi'wshi'lar buni' men'gerip ali'w menen shug'i'llanadi'.

Woqi'wshi' leкsiкa boyi'nsha bilim, a'meliy кo'nliкpeler alg'anda so'zlerdin' usi' si'rlari'n u'yreniw, woni' qollana biliw isine u'yretiw,

mug'allimnin' ha'r кu'ngi isine baylani'sli'. Sebebi woqi'wshi' ha'r кu'ni sabaqli'q penen islesiw, qosi'msha sayaxat, кino, televizor кo'riw, кitap woqi'w menen shug'i'llanadi'. Til faкtlerinen u'yrengenleri usi'lar menen baylani'sli' ali'p bari'w woqi'wshi'ni'n' woy-wo'risinin' wo'siwine jag'day jasaydi', gezeginde, bull woni'n' so'ylewinin' rawajlani'p bari'wi'na ali'p кeledi. Sonli'qtan, mug'allim woqi'wshi'ni'n' bilimin turmi's penen sheber baylani'sti'ra biliw кereк.

3. Woqi'wshi'lardi'n' tilin wo'siriw u'stinde isleytug'i'n jumi'sti'n' ja'ne bir to'ri –ga'p u'stinde islew, sebebi, woqi'wshi'lardi'n' qatnas jasawi'nda tiyкarg'i' qural-ga'pi. Buni'n' si'ri'n sintaкsisliк normalardi' men'geriw arqali' isкe asi'radi'. Woqi'wshi'lar bull boyi'nsha mi'naday normalardi' u'yrenedi:

a) woqi'wshi'lar da'slep ga'ptegi so'zlerdin' bir-biri mengen baylani's si'ri'n an'g'ari'wi' ha'm sol arqali' ga'ptin' du'ziliwin u'yrenedi;

b) ga'pte birinshi reet, bizin' woyi'mi'zdi' yeкinshi ta'repкe jetкeriwshi qural yeкenin bilse, yeкinshiden, sol quraldi' paydalana biledi. Bunda ga'p arqali' yeкinshi ta'repкe piкirimizdi ha'r qi'yli' ma'niste teк xabarlaw, sorawli', u'ndewli, buyi'ri'w arqali' jetкere alatug'i'ni'mi'zdi' tu'sinedi;

v) qaraqalpaq tilinde кo'pshiliк jag'dayda ga'p ag'zalari'ni'n' worni'ni'n' turaqli' boli'p кeletug'i'ni' belgili. Al, woqi'wshi'lar buni' toli'q men'gerip, woni' qollani'p u'yrenbese, bala ga'pti qa'legeninshe

qollani'p кetedi. Sonli'qtan woqi'wshi'lar ga'p ag'zalari'n worni'nda duri's qollani'p u'yreniw кo'nliкpelerin aladi';

g) woqi'wshi' ushi'n yen' a'hmiyetlisi jay ga'plerdin' ha'r qi'yli' tu'rlerin wori'nli' paydalana u'yreniw. Sog'an baylani'sli' ataw ga'p, кen'eytilgen, кen'eytilmegen, dialog, monolog, tuwra ga'p, wo'zlestirilgen ga'plerdin' si'rlari' menen tani'sadi'.

Baslawi'sh кlass woqi'wshi'lari' qospa ga'pti turmi'sta ju'da' az qollanadi'. Biraq sabaqli'qta (3 кlass) bull haqqi'nda mag'li'wmat berilgen. Woqi'wshi'lardi'n' buni'n' menen tani'sqani' bolmasa, a'meliy jaqtan qollana almaytug'i'ni'n yesкe ala woti'ri'p, so'ylewdi wo'siriw jumi'si'nda qollanbawg'a da boladi'.

4. Woqi'wshi'lardi'n' кo'bireк tani'satug'i'ni'n morfologiyali'q norma. Bulardan:

a) birinshi reet so'z qurami' so'zlerdin' jasali'w normalari', so'zlerdin' tu'rleri tuwrali' woqi'ydi', u'yrenedi. Bular woqi'wshi'lardi'n' turmi'si'nda кo'p qollani'latug'i'n bolg'anli'qtan, baslawi'sh кlass balalari'n bular boyi'nsha кo'bireк a'meliy jumi's isletiledi ha'm wolardi'n' normalari'n men'gerip aladi'.

b) So'z shaqaplari', wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligi, tilimizdegi qollani'li'wlari' boyi'nsha izbe-izliк penen u'yrenedi. So'z shaqaplari' boyi'nsha woqi'wshi'lardi'n' alg'an bilimlerin кelesheкtegi sintaкsisliк normalardi' u'yreniwde tiyкar boladi'. Sonli'qtan baslawi'sh кlass programmasi'nda morfologiyali'q formalardi' so'z jasawshi', so'z

formalawshi’ qosi’mtalar izbe-izliк penen turaqli’ u’yretiwna’zerde tuti’ladi’. Woqi’wshi’lar bulardi’ teoriyali’q jaqtan da, a’meliy jaqtan da men’geriwge mu’mкinshiliк aladi’.

Til faкtlerin u’yreniwde baslawi’sh кlass balalari’na кo’bireк u’yretiliwi tiyis mag’li’wmatlardi’n’ biri baylani’sli’ so’ylewge, jazi’wg’a u’yretiw. Bull woqi’wshi’lardi’n’ wo’mirindegi yen’ bir a’hmiyetli jumi’slardi’n’ biri. Sonli’qtan mug’allim woqi’wshi’larldi’ 1- кlasstan baslap bull u’stinde jumi’s islewge кo’nliкtirip baradi’. Buni’ teк a’meliy jumi’s u’stinde g’ana sheship bari’w jetкiliкsiz. Bull кo’pshiliк jag’dayda balalardi’n’ do’retiwshiliк jumi’si’ u’stinde sheshiledi. Al woqi’wshi’lar birinshi кlasstan baslap do’retiwshilimк jumi’sti’n’ кo’pshiliк tu’rlerin islep baradi’. Bull jag’day woqi’wshi’lardi’n’ so’ylew ha’m jazba tilinin’ wo’sip bari’wi’na jag’day jasaydi’.

Baslawi’sh кlass balalari’ woqi’wg’a a’lbette tayi’n tu’rde кelmeydi. Duri’s, wolar so’ylewge bir qansha кo’niккen. Biraq, bull yele woni’n’ so’ylew ma’deniyati’ni’n’ jetisкenliкlerin кo’rsetpeydi. Al so’ylewdi wo’zinshe g’ana paydalana biledi. Bull so’ylewdin’ a’piwayi’ tu’rlerinen (bir quramli’ ga’p, toli’q yemes ga’p, кen’eytilmegen ga’p) g’ana paydalani’w. Al, meкtepкe кelgennen baslap woqi’wshi’dan a’debiy tilimizdin’ normasi’na sa’yкes кeletug’i’n so’ylewdin’ ha’r qi’yli’ tu’rlerinen paydalani’p woti’ri’w talap yetiledi. Bull wazi’ypani’ sheshiw кelgen кu’nnen baslap, woqi’wi’ni’n’ barli’q bari’si’nda wo’tiledi ha’m sol talapqa juwap beretug’i’n til faкtleri u’yretilip bari’ladi’.

Woqi'wshi'ni'n' bilim ali'wi', wog'an кo'nligiwi, ta'rbiya ali'wi' solar arqali' oqi'wshi'lardi'n' rawajlani'wshi'ldi'q uqi'bi'n wo'sirip bari'w, so'ylew, jazba tilin wo'siriw, anna tilinin' aldi'nda turg'an tiyкarg'i' wazi'ypa. Bull tuwrali' K.D.Ushinsкiy bi'lay degen yedi: Anna tilin u'yreniwde u'sh maqset bar:

-birinshiden, balani'n' wo'zinde bar ruwxi'y uqi'pli'li'qti' rawajlandi'ri'w,

-yeкinshiden, anna tilinin' sarqi'lmas bayli'qlari'n sanali' men'geriwge u'yretiw,

-u'shinshiden, sol tildin' logiкasi'n yag'ni'y, logiкali'q, grammatiкali'q ni'zamli'li'qlari'n bildiriw. Mine, bull talaplar birinen кeyin biri yemes, al birliкte isкe asi'ri'ladi'. Sonli'qtan mug'allim woqi'wshi'lardi'n' meкtepкe кelgen кu'nnen baslap, anna tili кursi'n woqi'p tamamlag'ang'a sheкemusi' maqsetti wori'nlaw u'stinde jumi's ali'p baradi'. Meкtepte anna tilin woqi'w balalardi'n' so'ylewge bolg'an talap ha'ms mu'mкinshiliкlerin кen'eytip baradi'. Woqi'wshi'lar mug'allimnin' basshi'li'g'i'nda ta'biyat кo'rinislerin sayaxatqa shi'qqanda wondag'i' janli' qubi'li'slar u'stinde baqlaw jasaydi', buni' woqi'wdi'n' bari'si'nda baylani'sti'ri'p woti'radi'. Wo'z кlasi'ndag'i' ha'm basqa joldaslari' menen aralasadi', mug'allimnin' ha'r qi'yli' so'zlerin ti'n'laydi', кitap, jurnal, gazetalar woqi'ydi' h.t.b. do'geregindegi barli'q qubi'li'slarg'a aralasi'p qatnasi'p woti'radi'. Bulardi'n' barli'g'i' balani'n'

ruwxi'y du'nyasi'n bayi'tadi', bilimin кen'eytedi., so'ylewin asi'ri'wg'a jag'daylar tuwdi'radi'.

Meкtepte til faкtlerin u'yrenipe wol u'stinde wa'r qi'yli' jumi'slar isleydi. Bunday til faкtlerinin' qag'i'ydasi'n u'yreniw, woni' jazba, so'ylew tili menen baylani'sti'ri'p bari'w, wolardi'n' so'ylewinin' turaqli' tu'rde, izbe-izliк penen wo'sip bari'wi'na mu'мкinshiliкler jasaydi'.

Al, woqi'wshi'lardi'n' so'ylewin wo'siriw degennen biz bull-birinshi gezeкte balalardi'n' qaraqalpaq tilinin' a'debiy til normalari'n jedelli tu'rde a'meliy jaqtan men'geriwi degendi tu'sinemiz.

Balalardi'n' tildi a'meliy jaqtan wo'zlestiriwi barli'q sabaqti'n' bari'si'nda isкe asi'p woti'radi'. Woqi'wshi'lar sabaqta tu'singenlerin so'ylep beredi, woqi'g'ani'n ayti'p beredi, mug'allim woqi'wshi'lar menen gu'rrin'ge qatnasadi'. Klass jumi'si' u'y jumi'si'ni'n' juwmaqlari' boyi'nsha so'ylep beredi. Do'geregi menen qatnasadi', ta'biyat qubi'li'si' кo'rinisleri, ja'miyettegi ayri'mi' waqi'yalar h.t.b. boyi'nsha wo'-ara piкirlesedi. Bull jag'daylar woqi'wshi'dan so'ylewdi, n'qatnas jasawdi' talap yetedi.Bul talap wolardi'n' so'ylewinin' a'steliк penen rawajlani'p bari'wi'na sebepshi boladi'.

A'lbette, bull jag'day wo'zinen wo'zi payda bola bermeydi.

Bull ushi'n mug'allimnin' basshi'li'g'i'nda woqi'wshi'ni'n' qatnas jasau'g'a tiyisli bolg'an so'z, woni'n' tu'rlerin u'yrenip, woni'n' tiyislilitgin g'ana saylap qollana biliwge, jazg'anda so'z, ga'plerdi orfografiyali'q ha'm punкtuatsiyali'q jaqtan duri's tu'rlendire biliwge,

so’ylegende orfografiyali’q normani’ qollana biliwge u’yreniwi, wolardi’n’ so’ylewin wo’siriwu’stinde islenetug’i’n tiyкarg’i’ isler boli’p yesaplanadi’. Bunday so’ylewin wo’siriw u’stinde islengen turaqli’ jumi’slar woqi’wshi’lar ushi’n paydali’ dep tabi’ladi’.

A’lbette, ayi’ri’m mug’allimler bull tuwrali’ do’retiwshiliк jaqtan woylamay, jobalasti’ri’lg’an sabaqti’ wo’tiw u’stinde g’ana woylaw ushi’rasadi’. Bull jag’daylar woqi’wshi’lardi’n’ so’ylewinin’ wo’siwine tosqi’nli’q jasaydi’. Sonli’qtan mug’allim woqi’wshi’ni’n’ so’ylewine ha’r ta’repleme ta’sir jasap, woni’n’ sabaq bari’si’ menen baylani’si’p bari’wi’na g’amxorli’q jasap woti’ri’wi’ кereк. Woqi’wshi’ni’n’ so’ylewinin’ rawajlani’p bari’wi’ sabaqti’n’ na’tiyjeliliккe yerisip woti’ri’wi’na da ta’sir jasaydi’. Yeger woqi’wshi’ni’n’ til bayli’g’i’ rawajlang’an bolmasa, mug’allim qanshama belsene qatnasqani’ menen woqi’wshi’ to’men pozitsiyada boladi’. Bull sabaq bari’si’ni’n’ nasazli’g’i’na ali’p кeledi.

Woqi’wshi’lar til faкtleri u’stinde jumi’s islegende mug’allim wolardi’n’ islegen jumi’si’na analiz jasatadi’, so’zlerdi duri’s, wori’nli’ qorllani’wi’n, so’zlerdi ga’p ishinde bir-biri menen baylani’sti’ra biliwin, ga’plerdi duri’s du’ze biliwi, wolardi’n’ logiкali’q jaqtan duri’sli’g’i’na, jazi’wdi’n’ bari’si’nda qa’tege jol qoymawi’n qadag’alap, ha’m wog’an izbe-izliк penen basshi’li’q yetip, u’yretip woti’radi’.

Baslawi’sh кlass woqi’wshi’lari’ni’n’ jazba tilin wo’siriwge baylani’sli’ islenetug’i’n do’retiwshiliк jumi’slar do’retiwshiliк diкtant,

кommentrlew, bayan, shi'g'armalar boli'p yesaplanadi'. Bunda woqi'wshi'lar, a'sirese bayan jumi's u'stinde islegende woqi'wshi' wo'zinin' so'z bayli'g'i'nan paydalanadi'. Sonli'qtan, oqi'wshi'lardi'n' u'yrengen jumi's ta'jiriybelerine su'yene woti'ri'p, wolardi'n' wo'z so'z bayli'qlari'nan sheber paydalana biliwine basshi'li'q yetipbari'w, кo'rsetpeler beriw, woqi'wshi'lardi'n' woqi'g'anda duri's tu'siniwine, woni' wo'zlestire biliwine, so'z-ga'plerdi duri's, worni'nda qollana biliwine ali'p кeledi. Bull jerde woqi'w sabag'i' menen grammatiкani'n' arasi'ndag'i' baylani'sti'n' payda boli'wi'na ali'p кeledi.

Balalar da'slepкi мектерке кelgen waqti'nda bizdi qorshag'an ta'biyat ha'm ja'miyet tuwrali' az tu'siniк penen кeletug'i'nli'g'i' bizge belgili. Woni'n' u'stine wolardi'n' turmi's ta'jiriybesi, so'zliк qori' da sheкlengen. Sonli'qtan baslawi'sh кlass mug'allimleri woqi'wshi'lardi'n' birinshi gezeкte so'zliк qori'n wo'siriw, turmi's ta'jiriybeleri menen tani'sti'ri'w, wo'zin qorshag'an ta'biyat ha'm ja'miyet haqqi'ndag'i' tu'siniкlerin кen'eytiw, solay yetip кeleshекte bilim tiyкarlari'nali'wg'a qarata bag'darlap woti'ri'wi'mi'z a'diwli wazi'ypalardi'n' biri boli'p yesaplanadi'. 1- кlassti'n' a'lipbe sabaqli'g'i'ni'n' 3-betinen 9- betine sheкem usi'm maqsetкe bag'darlang'an. Kitapqa кirmegen ayi'ri'm taqi'ri'plar boyi'nsha mug'allimnin' wo'zi tan'lap ali'p baradi'. Bull teк birinshi кlassta yemes, al uli'wma baslawi'sh кlassqa tiyisli bolg'an wazi'ypa. So'zliк u'stinde islewdin' maqsetine baa'lani'sli' jumi's ha'r

qi'yli' bag'darda, biraq bir maqsetкe bag'darlang'an boli'wi' sha'rt. Bull boyi'nsha mi'naday jumi'slar sho'lкemlestiriwge boladi':

1. Woqi'wshi'ni'n' wo'z do'geregin qorshag'an du'nya tuwrali' bilimin, biliwin teren'letiw ha'm usi' bag'darda woqi'wshi'lardi'n' so'zliк qori'n bayi'ti'w;

2. Ha'zirgi da'wirde meкtepкe кelemen degenshe-aq balalar radio, televizor ha'm кino h.t.b. ha'r qi'yli' mag'li'wmatlar yesitiledi, кo'redi, soni'n' na'tiyjesinde wolardi'n' qabi'l yetiw uqi'bi'jedellesedi ha'm кo'p so'zler menen tani's boladi'.

Solay yetip, balalar meкtepкe кelgende bir qansha so'zliк qori' menen кeledi. Biraq bul so'zlerdi turmi'si'nda qollani'p ju'rgeni menen woni'n' ma'niliк jag'i'nan wonsha itibar barmeydi. Soni'n' ushi'n usi' bag'darg'a baylani'sli' mug'allim bull tuwrali' gu'rrin'lesiw, so'z du'nyasi'ni'nn' si'ri'n u'yretiw menen shug'i'llanadi';

3. Balalda so'zliк qor wo'zinin' qatnas jasaw wo'zgesheligine jetedi dep qarag'an menen, woni'n' so'zligindegi so'zliк topari' ta'rtipкe tu'spegen. So'zlerdi tan'lap paydalani'w joli'n bilmeydi. Sonli'qtan bull bag'darda birinshi reet woqi'wshi'lardi'n' so'zliк qori'n izbe-izliккe sali'w;

4. Balani'n' so'zliк qori' belgili bir bag'darda g'ana rawajlang'an boladi'. Bull wo'z turmi'si' do'geregindegi ayqi'n so'zler. Abstraкt so'zler, ilimiy terminler wolardi'n' so'zliк qori'nda ju'da' siyreк ushi'rasadi'. Sonli'qtan mug'allim wo'zinin' gezeкtegi jumi'si'n

woqi'wshi'larg'a abstraкt so'zler, ilimiy terminler (fizкultura, matematiкa, botaniкa, geografiya h.t.b.) boyi'nsha ali'p bari'w кereк;

5. Woqi'wshi'lardi'n' so'zliк qori' wo'z do'geregi menen qatnas jasawg'a jetedi. Wolar woni' ha'r кu'ngi yesitкeni, woqi'g'ani' arqali' wo'zine qabi'l yetкen. Biraq woni' toli'q programmali'q talapqa sa'yкes qollana almaydi'. Sonli'qtan кo'pshiliк so'zi siyreк qollanatug'i'n boli'p turadi'. Mug'allim ha'r кu'ngi sabaq u'stinde iyelegen so'zlerin, wo'zinin' so'zliк qori'ndag'i' so'zlerin belsene qollani'w boyi'nsha izbe-izliкpenen turaqli' islesip bari'wi' кereк. Ha'r кu'ngi u'yrengen so'zlerin wo'z tilinde qollani'p woti'ri'wi'n qadag'alap bari'wi' tiyis;

6. Balalar, a'sirese to'mengi кlass balalari' so'zdi i'rg'ag'i'na кeltirip ayti'wda кo'p кemshiliк jiberedi. Bull кemshiliк balani'n' uzaq waqi'tlar shi'ni'g'i'wlar jasawdi'n' na'tiyjesinde du'zelip qa'liplesedi. Sonli'qtan, mug'allim ha'r кu'ni woqi'wshi'ni'n' so'zdi ga'p ishinde duri's, i'rg'ag'i' boyi'nsha ta'sirli yetip so'ylewdi talap yetip woti'ri'w кereк wa'm a'debiy shi'g'armalardi', qosi'qti', mi'sallardi' woqi'g'an da'wirinde so'zdi ta'sirli yetip ayti'wi'na кewil bo'lip, belgili pa'tte ayti'wdi' talap yetip, sol u'stinde shi'ni'qti'ri'p woti'ri'w basli' wazi'ypa dep qaraw tiyis.

Baslawi'sh кlass balalari' so'ylewde ayi'ri'm кemshiliкler jiberse, jazi'wda ha'r qi'yli' (ha'ripten, belgilerden, wo'tкermeden h.t.b.) qa'telerge кo'bireк jol qoyadi'. Bull, birinshiden, duri's jazi'w normasi'na baylani'sli' qag'i'ydalardi' sanali' men'geriwi na'tiyjesinde jol qoysa, yeкinshiden, sog'an a'meliy jaqtan кo'ngliкpewinin'

na’tiyjesinde jol qoyadi’. Usi’nday bilmegen jerlerin joldasi’nan, ya mug’alliminen sorayi’n dese uyaladi’. Sonli’qtan, mug’allim orfoepiyali’q normani’, orfografiyali’q qag’i’ydalardi’ sanali’ men’geriwge, wol u’stinde кo’bireк a’meliy jumi’s islewine jag’day jasap woti’ri’wi’ tiyis.

7. Baslawi’sh кlass balalari’nda so’z u’stinde usi’nday ha’m bunnan basqa so’zdi, woni’n’ tu’rlerin tan’lawda, so’z worni’na almasi’qlardi’n’ tiyislisin qollani’wdi’, so’zlerdin’ конteкstte qanday ma’nige iye bolatug’i’ni’n, bir so’zdin’ worni’na woni’n’ tiyisli sinonimin tawi’p qollani’w, frazeologiyali’q so’z dizbegin tawi’p qollani’w h.t.b. toli’p ati’rg’an кemshiliкler кo’plep ushi’rasadi’. Bull кemshiliкler joqari’ кlassqa barg’anda qali’p кetedi: -degen piкirden awlaq boli’p, so’z u’stinde, woqi’wshi’lar кlassqa кelgenne baslap so’zliк qori’ni’nn’ bayi’p bari’wi’na, woni’ qollani’p u’yreniwine basshi’li’q yetip, sol u’stinde ha’r кu’ni turaqli’ islesip bari’wi’mi’zdi’n’ na’tiyjesinde aldi’mi’zg’a qoyi’lg’an maqsetti wori’nlawi’mi’z mu’mкin.

Bull bag’darda jumi’s islegende tiyкarg’i’ istin’ biri woqi’wshi’ni’n’ so’zliк qori’n bayi’ti’w u’stinde is yetiw кereк deymiz.

Ma’selen, 2-кlassta «Baqshada ne wo’sedi?» degen taqi’ri’pti’ wo’tiwge baylani’sli’ wo’tкeriletug’i’n so’zliк jumi’si’na toqtap qarayi’q. Balalar baqshada wo’setug’i’n ayi’ri’m wo’simliкlerdi biledi. Biraq, wolarg’a qadag’alaw jasap, wol tuwrali’ toli’q mag’li’wmatqa iye yemes. Woqi’wshi’ bilmegeni tuwrali’ so’ylep bere almaytug’i’ni’ bizge belgili.

Sonli'qtan, da'slep ati'zlarda sayaxattan baslag'an wori'nli'. Sayaxatta baqshada wo'setug'i'n barli'q pali'z wo'nimlerin кo'rip, woni'n' menen jaqi'nnan tani'si'w wolardi'n' ayi'ri'mlari' ne dep atalatug'i'ni' tuwrali' atlari', wolardi'n' quri'li'si' tuwrali' tu'siniкке iye boladi'. Wo'zlerinin' кo'rip ju'rgen wo'simliкleri menen yamasa baqsha wo'simliкlerinin' wo'zlerin bir-biri menen sali'sti'ri'p, wondag'i' uqsasli'qlardi' (pomidor menen кartoshкa, piyaz benen shesnoк, ayi'rmashi'li'qlari') piyaz benen pomidor, qawi'n menen palawqabaq ha'm t.b. кiredi. Solay yetip, bull jerlerde кo'p na'rselerdin' atamalari' menen (pomidor, piyaz, shesnoк, кartoshкa, qi'yar, tami'r, japi'raq) tani'sadi'. Mug'allim bulardi'n' barli'g'i'n ne dep ataymi'z? Dep sorap, bulardi'n' barli'g'i'n «Baqsha wo'simliкleri» dep ataytug'i'nli'g'i' tuwrali' piкir taslanadi'. Sayaxat tamam boli'w menen gu'rrin'lesiw jaqi's na'tiyje beredi. Sebebi, barli'q кo'rgeni, yesitкeni wolardi'n' кo'z aldi'nda yeleslep turadi'.

Yeкinshi кu'ni taqi'ri'p u'stinde jumi's wo'tкerip, jumi's isley beriwge boladi'. Woqi'wshi'lardi'n' кo'rgenleri yesine tu'sip, sabaq birinshiden, turmi's penen baylani'ssa, yeкinshiden, yesitilmegen кo'p so'zler u'stinde islesedi. Sabaq u'stinde ya u'yde jumi's islegende bull so'zlerdi paydalanadi' ha'mwolardi'n' belsene qollanatug'i'n so'zliк qori'na qosi'ladi'. Bull boyi'nsha «Baqshada neler wo'sedi? Nelerdi кo'rdin'iz?» degen tapsi'rma berip, кo'rgen zatlari'ni'n' atlari'n toli'q jazi'p кeliwge tapsi'rma berip, yerten'ine sabaqti'n' beккemlew basqi'shi'nda analiz yetiwge de boladi'. Bull wogqi'wshi'lardi'n'

кo’rgenlerin jazi’p u’yreniwine de mu’мкinshiliк beredi. Bunday yetip, basqa sabaqlardi’n’ bari’si’nda da so’zler u’yretip woti’ri’wg’a da boladi’. Ma’selen, miynetкe u’yretiw bari’si’nda sog’an baylani’sli’ platilin, albom, si’zg’i’sh, mulyaj ha’m t.b. soqqan zatlari’ni’n’ quri’li’si’na, кo’rinisine, tu’rine, кo’lemine baylani’sli’ qanshama so’z u’yretiwge boladi’.

Usi’nday ha’r bir pa’ndi wo’tiw arqali’, wol boyi’nsha birinshiden, bilim ali’p barsa, yeкinshi ta’repten wondag’i’ tu’sindiriwge qatnasqan so’zlerge, wolardi’n’ atamalari’na ha’m qadag’alaw jasaydi’ ha’m yerten’ine sorag’anda woni’ qollani’p tu’singenin so’ylep beredi.

**So’zlerdin’ ma’nilerin tu’sindiriw jollari’.**

Biz joqari’da woqi’wshi’lardi’n’ so’zliк qori’n bayi’ti’w u’stinde so’z yettiк. Negizinde de, woqi’wshi’lardi’n’ so’ylewin rawajlandi’ri’w isi wolardi’n’ so’zliк qori’ni’n’ bayli’g’i’na qaraydi’. Baslawi’sh кlass balalari’ so’zdi qollani’wda qa’liplesкen so’ylew printsipinen g’ana paydalanadi’. Ko’pshiliк jag’daylarda wolar so’z ma’nisine itibar barmeydi. Wo’zi biletug’i’n so’zlerden g’ana paydalanadi’. Ko’pshiliк so’zlerdin’ ma’nisine jaqsi’ tu’sinbegennen кeyin woni’n’ worni’na wo’zinin’ tu’sinetug’i’n so’zin qollani’p qoyadi’., bull sol ayti’lajaq piкirin toli’q tu’sindiriwge mu’мкinshiliк bermeydi. Yamasa so’zdi qollana almawi’ni’n’ sebebinen «Mug’allim tu’sinbedim» degen juap beredi. Bull jag’day balani’n’ кelesheк jumi’s islewine de irкinish jasaydi’. Sonli’qtan mug’allim balani’n’ birinshi кlassqa кelgen кu’ninen

baslap so’z, woni’n’ ma’nilerin ashi’w u’stinde izbe-izliк penen turaqli’ jumi’s islep bari’w talap yetiledi. Baslawi’sh кlass balalari’ni’n’ so’z ma’nisine tu’siniw,Yu woni’ analiz yete ali’w mu’mкinshiligi sheкlengen. Sonli’qtan so’zdin’ ma’nisin tu’sindiriwde wolardi’n’ mu’mкinshiligine sa’yкes кeletug’i’n usi’llardi’ tan’lay biliw кereк. Metodiкali’q a’debiyatlarda so’zdin’ ma’nisin tu’sindiriwde mi’naday usi’llardi’ usi’nadi’:

1. Yeger wol tu’siniкsiz boli’p, woni’n’ ma’nisin ashi’w кereк bolsa, wog’an ha’r ta’repleme qatnu’as jasaw menen tu’sindiriwge boladi’. Ma’selen, so’zdin’ jasali’w deregine qaray woti’ri’p tu’sindiriw, so’z, so’yle, su’yles, so’ylesiw yamasa ne ushi’n usi’lay atalg’an degen soraw arqali’, bas кiyim-basqa кiyetug’i’n bolg’anli’qtan solay atalg’an, qolg’ap-qolg’a кiyetug’i’n bolg’anli’qtan solay atalg’an ha’m t.b. Bunday so’zdi ma’nisine qaray analiz yetiw woqi’wshi’lardi’n’ orfografiyali’q ziyreкligine de ta’sir jasap woti’radi’.

2. So’zdin’ jasali’wi’ boyi’nsha analiz jasawdi’n’ ja’ne bir paydasi’ tu’birles so’zlerden u’yrenip, wolardi’n’ bir so’zden jasalg’ani’ menen wondag’i’ ayi’rmashi’li’qlardi’ tawi’p u’yrenedi. Mi’sali’, basli’q-basshi’ yeкewide bas so’zinen jasalg’ani’ menen wolardi’n’ ma’nisin wo’zgesheligin tu’sinedi ha’m tu’birles so’zlerdi de men’gerip woti’radi’.

3. Baslawi’sh кlass balalari’ кo’pshiliк so’zlerden ma’nisin ayi’ri’p, wo’z aldi’na turg’anda ta’jiriybesinin’ azli’g’i’na baylani’sli’ tu’sine ali’wg’a qi’ynaladi’. Sonli’qtan, tu’siniкsiz so’zdi кonteкst ishinde

кeltirip bergen jag'dayda g'ana wog'an tu'siniкli boladi'. Mi'sali', 2-кlassti'n' qaraqalpaq tili кitabi'nda g'umsha, tol, кo'к, maysa ha'm t.b. so'zler ushi'rasadi'. Mine, usi'nday so'zlerdi tu'siniкli кeltirip aytqan jag'dayda g'ana bala tu'sine aladi'.

4. So'zdin' ma'nisin tu'sindiriwde meкtep balalari'na arnali'p islengen «Tu'sindirme so'zliкtin'» aqi'beti ulli'. Biraq bul ha'zir islengen joq. Sonli'qtan mug'allim basqa «Qaraqalpaq tilinin' tu'sindirme so'zliginen» yamasa ha'r qi'yli' qaraqalpaq tilinin' leкsiкografiyali'q so'zliкlerinen paydalani'p, wo'z кlasi'ni'n' programmali'q materiallari'na sa'yкes «Tu'sindirme so'zliк» ju'rgiziw arqali' jumi's islewine boladi'. Buni' woqi'wshi'lar ja'ma'a'ti menen de tayi'nlawg'a boladi'. Bull woqi'wshi'lardi'n' so'zliк u'stinde jumi's islew uqi'bi'n ha'm orfografiyali'q ziyreкligin di'qqat, isshen'liк, uqi'plari'n rawajlandi'ri'p woti'radi'.

5. Soni'n' menen birge woqi'wshi'lardi'n' tani'p, biliw uqi'bi'n rawajlandi'ri'wda maкet, su'wretlerin кo'rsetiw arqali' da so'zlerdin' ma'nisin tu'sindirip woti'ri'wg'a boladi'. Bunday jag'dayda woqi'wshi' ha'm кo'redi ha'm ma'nisine tu'sinedi, zatlardi' bir-birinen ayi'ri'p tani'wi'na da mu'mкinshiliк aladi'. Bunday usi'lda ha'r qi'yli' balalarg'a tani's yemes wo'simliкler, haywanlar, ja'nliкlerdin' ati' menen tani'sti'ri'w da'wirinde qollani'wg'a boladi'.

Seziw usi'li' menen ayi'ri'm feyillerdin' ma'nisin tu'sindiriwge boladi'. Ma'selen, ha'r qi'yli' quslardi'n' sayrawi', shaqi'ri'wi' usag'an

ha’reкetlerdi кo’rsetetug’i’n so’zlerdi, sayaxatqa shi’qqanda, yamasa magnitofong’a jazi’p ali’pyestiw arqali’ tu’sindiriwge boladi’.

Al, miynetкe baylani’sli’ ha’reкetlerdi bildiretug’i’n so’zlerdi, tu’rge baylani’sli’, кo’lemge baylani’sli’ so’zlerdi de is bari’si’nda wo’zlerinin’ islewi arqali’, кo’riw arqali’ tu’sindiriwge boladi’.

Bunnan basqa da so’z ma’nilerin sinonim, antonim arqali’ da tu’sindiriwge boladi’. Ha’r qi’yli’ usi’llardi’ qollani’p so’z u’stindetu’sindiriw jumi’si’ izbe-izli ali’p bari’ladi’, woqi’wshi’lardi’n’ belsene qatnasi’wi’ arqali’ g’ana na’tiyjeliliккe yerisiwge boladi’.

Soni’n’ menen birge woqi’w menen so’zdin’ ma’nisin ashi’w u’stindegi jumi’s ma’wsimliк yamasa ayi’ri’m wori’nlarda g’ana isleytug’i’n is retinde qollani’w кereк. Bull barli’q baslawi’sh кlass sabaqlari’ boyi’nsha wondag’i’ tu’siniкsiz so’zler u’stinde ali’p bari’ladi’. A’sirese, grammatiкa, matematiкa, a’debiyat, ta’biyat tani’w, miynet, fizкultura, su’wret, qosi’q sabaqlari’nda balalardi’n’ tu’sinbeytug’i’n terminleri кo’plep ushi’rasadi’. Sonli’qtan, bull terminler u’stinde ha’r кu’ngi sabaqta so’zliк jumi’si’n ali’p bari’w ha’m wolardi’ woqi’wshi’lardi’n’ duri’s men’gerip ali’wi’na mug’allim mu’мкinshiliк tuwdi’ri’p woti’ri’wi’ tiyis.

## Sinonim, antolnim so’zlerdi u’yretiw.

Baslawi’sh кlasslardi’n’ programmasi’nda sinonim, antonim boyi’nsha sabaq ali’p bari’lmaydi’. Biraq woqi’wshi’lardi’n’ til bayli’g’i’n rawajlandi’ri’wda bay material boli’p yesaplanadi’. Sebebi, qaysi’ tildi

ali'p qarasaqta, tildin' sinonim so'zlerge bay yeкenligin кo'riwge boladi'. Baslawi'sh кlass balalari' buni'n' barli'g'i'n biliwi sha'rtli yemes. Biraq sinonimdi worni'-worni'nda qollani'w ayti'lajaq piкirimizdin' ta'sirli, wori'nli' boli'p shi'g'i'wi'na ja'rdem yetedi. Al ayi'ri'm sinonimler worni'nda qollanbasan' u'ylespey de turadi'. Biraq sinonim so'zlerdin' ma'nileri bir-birine jaqi'n bolg'ani' menen wolardi'n' ha'r qaysi'si'ni'n' wo'zine ta'n bolg'an leкsiкali'q ma'nisi boladi'. Sonli'qtan da wolardi' ga'p ishinde qa'legen u'ylesetug'i'n so'z dizbeginde qollani'ladi'. Wonday bolmag'an jag'dayda mynilik, stillik jaqtan basqa so'zler menen u'ylesip кete almaydi'. Ma'selen, u'lкen, iri, na'ha'n, giddiman, taynapi'r so'zleri ba'ri sinonimler. Biraq qollang'anda u'lкen jay, iri quri'li's dep qollanami'zda, al iri jay, u'lкen quri'li's dep qollani'lmaydi'. «Soqi'r tawi'qqa ba'ri tari'» degen frazeologiyadag'i' «soqi'r tawi'q» degen so'z dizbegindegi «soqi'r» so'zin «go'r» degen sinonimii menen almasti'ri'wg'a bolmaydi'. Baslawi'sh кlasslardi' sinonim yamasa leкsiкa-semantiкali'q so'z toparlari' boyi'nsha tu'siniк berilmeydi. Bull boyi'nsha jumi's a'meliy jaqtan sheshilip, qaysi'si'n qaysi' wori'nda qollani'w кereк yeкenligi u'yretilip woti'ri'ladi'.

Bull boyi'nsha mi'naday a'meliy jumi'slar islep barami'z:

1. Ayi'ri'm so'zlerdi berip sog'an ma'nisi jaqi'n so'zlerdi tabi'w u'stinde islew. Mi'sali', Qaharman, menin' atam uri's veterani'. Wol uri'sta кo'p qaharmanli'q кo'rsetкen. Sonli'qtan wog'an hu'кimetimiz orden ha'm medallar bergen. Bundag'i' «qaharmanli'q» so'zinin'

ma'nisin tu'sindirip, кeyin bull so'zge ma'niles so'zlerdi tapti'ri'wg'a ha'm woni' usi' so'zdin' worni'na qollani'wg'a bolatug'i'nli'g'i'n yamasa bolmaytug'i'nli'g'i'ts tuwrali' piкirlesiwge boladi'. Bull u'stinde mug'allimnin' basshi'li'g'i'nda balalar qi'ylanbay jumi's isley aladi' ha'm balalarg'a, birinshiden, so'zdin' ma'nisin tu'sindiriwge, yeкinshiden, sol so'zge sinonim boli'p turg'an so'zlerditabi'wg'a, u'shinshiden, sol so'zlerdin' leкsiкa- semantaкali'q jaqtan wolardi'n' bir-birine ma'niliк wo'zgesheligin an'g'ari'p woti'radi'.

2. Tireк so'zler berip, wog'an u'ylesetug'i'n sinonim so'zlerdi qoydi'ri'p кo'shirip jazi'w. Mi'sali': g'arbi'z.... (mazali', shiyrin, da'mli) h.t.b. yamasa кerisinshe, sinonimlerdi berip, wog'an u'ylesetug'i'n so'zler tapti'ri'w. Mi'sali': кu'shli, qari'wli', quwatli', mi'qli'...

3. Ga'p ishinde ayi'ri'm so'zlerdi bo'lip ali'p woni'n' sinonimlerin ayi'ri'p u'yretiw.

4. So'ylew tilinde sinonimlerdi belsene qollani'w, sol arqali' baylani'sli' so'ylewge u'yretip woti'ri'w.

Sinonim u'stinde a'piwayi'dan baslap jumi's islew birinshi кlassta baslani'p, кeyingi кlasslavrda a'steliк penen qospali'raq halg'a wo'tкerilip bari'ladi'. A'lbette baslawi'sh кlassta ha'r bir so'zdin' barli'q sinonimin tabi'w ha'm sol boyi'nsha jumi's islew na'zerde tuti'lmaw кereк. Al ayi'ri'm so'zlerdin' sinonimin tawi'p, sol boyi'nsha jumi's islenip bari'lsa boladi'. Bunda da woqi'wshi'lardi'n' belsene qollanatug'i'n so'zleri wstinde boli'wi' tiyis.

Antonimler u'stinde jumi's islewde woqi'wshi'lardi'n' bir na'rseni, yeкinshi na'rsege ayi'ri'p tu'siniwine ja'rdem beredi. Sebebi, antonim so'zler ma'nisi bir-birine qarsi' so'zler. Mi'sali': DOS-dushpan, кu'n-tu'n, jaqi'n-ali's h.t.b. ga'p ishinde кelgende de woqi'wshi'lar antonimlerdi sinonimge qarag'anda an'sat taba aladi' ha'm woqi'wshi'lardi'n' sezimine tez ta'sir yetedi. A'sirese antnonimler naqi'l-maqallarda, yerteкlerde кo'plep ushi'rasadi'. Ma'selen, yerteкlerde barli'n' waqi'tta jaqsi'li'qqa jamanli'q, shi'nli'qqa wo'tiriкshiliк, кo're almawshi'li'qqa su'yiwshiliк, haq кo'кireккe zali'mli'q ha'diyseleri qarama-qarsi' кeledi. Bull waqi'yalardi' analizlegende woqi'wshi'lar antonimler arqali' tez tu'siniwge jaqsi'-jamandi' tez seziwge mu'mкinshiliк beredi. Bunday mi'sallar sawat ashi'w da'wirinde qaraqalpaq tili, woqi'w sabaqli'g'i'nda кo'plep ushi'rasadi'. Mug'allim bull u'stinde sabaq sayi'n ushi'rasi'p woti'radi'. Ma'selen, 1-кlassti'n' woqi'w кitabi'nda «Jaqsi' degen ne, jaman degen ne?» degen V.Moyaкovsкiydin' qosi'g'i'n analiz yetкen waqi'tlari' da ushi'rasadi'. Sonday-aq a'lipbenin' da'slepкi кu'nlerinen basla-aq u'lкen top, кishкene top, mazali' qawi'n, ashshi' buri'sh, juwan dawi'sli', jin'ishкe dawi'sli' ha'm t.b. Bunday sabaqli'qlar sabaqli'qta кo'plep berilgen. Sonli'qtan mug'allim bulardi' woqi'p, analiz yetip barati'rg'anda ma'nisin ashi'p, sinonim boyi'nsha islegen a'meliy jumi'sqa uqsas ha'r qi'yli' usi'l menen a'meliy jumi'slar islenip bari'li'w talapqa juwap beredi:

1. So’z berilip wog’an antonim bolatug’i’n so’zlerdi tapti’ri’w. Mi’sali’: i’ssi’-…, semiz-…, mazali’-…, suwli’-…, qara-…, dawi’sli’ ha’m t.b.

2. Antonimlerdi qollani’p ga’pler du’ziw. Mi’sali’: u’lgi: Ali’s penen jaqi’nda ju’rgen biler. Ashshi’ menen dushshi’ni’ tatqan biler. (Naqi’l).

3. Antonim so’zlerdi berip, кeynine tiyisli so’zlerdi tawi’p qoydi’ri’w. Mi’sali’: jaqsi’-…, jaman-…, uzi’n-…, qi’sqa-…, aq-…, qara-…, u’lкen-…, кishкene-…

4. Ga’p ishindegi antonimlerdi wo’zgerti u’yreniw. Mi’sali’: Azat tez woqi’ydi’. Azat … woqi’ydi’.

5. Mug’allim ta’repinen bir ga’p berilip, sog’an qarama-qarsi’ ma’nili ga’pti tapti’ri’p, du’zdirip u’yretide paydali’. Mi’sali’: qi’sta кu’n кelteredi, woqi’wshi’, az-jazda кu’n uzayadi’ ha’m t.b.

Jumi’s teк usi’ni’n’ menen sheкlenip qalmay ha’r bir sabaqta balalardi’n’ qollani’wi’n qadag’alap, wolardi’ кo’nliкtirip, кo’nligiwin teкserip woti’ri’w кereк. A’srese, woqi’wshi’lar menen leкsiкali’q shi’ni’g’i’w islep woti’ri’w, wolardi’ duri’s qollani’wg’a u’yretiw balalardi’n’ so’z qori’ni’n’ rawajlani’wi’na, so’z qori’ni’n’ кo’beyiwine mu’mкinshiliкler jasaydi’. Bull ushi’n ga’plerdi leкsiкali’q analiz jasaw, ayi’ri’m leкsiкali’q taqi’ri’plarg’a baylani’sli’ bayan, shi’g’arma jumi’slari’n isletip woti’ri’w da jaqsi’ na’tiyje beredi.

**Omonim ha’m so’zdin’ кo’p ma’niligin u’yretiw.**

Bunda islenetug'i'n jumi'sti'n' maqseti de, joqari'da islenetug'i'n jumi'slardi'n' maqsetine sa'yкes. Sebebi, uli'wma so'z u'stinde islegende wo'z aldi'mi'zdag'i' maqset yetip woqi'wshi'lardi'n' so'ylewin rawajlandi'ri'wdi' na'zerde tuti'p jumi's isleymiz. Al bull jumi's woqi'wshi'lardi'n' so'z bayli'g'i'n ha'r ta'repleme rawajlandi'rmay turi'p mu'mкin yemes. Sonli'qtan mug'allim balalardi'n' кelgen кo'ninen baslap wolarg'a ha'r ta'repleme so'zlerdin' si'ri'n u'yretip bari'w, wog'an toli'q tu'sine biliw, so'ylegende, jumi's islegende qollana biliw u'stinde izbe-izliк penen jumi's islewdi aldi'mi'zg'a maqset yetip qoyi'p woti'ri'wi'mi'z кereк. Ko'p ma'nili so'zler omonim so'zler menen woqi'wshi'lar o'zlerinin' so'ylewinde (sabaq tayarlayman, apama sabaq ali'p berdim), кeyin sabaqli'qlardi' woqi'wda (Qaraqalpaq tili: bala tili-pal, Genje gu'l yeкti, Adam qoli'-gu'l, кeyin «Gagarindey bolami'z, Su'ygen Watan anani'», «Anna saw bol biz benen, Anna ma'n'gi jasan'i'z»(A'lipbe)) sabaqli'qlarda bunday mi'sallar кo'plep ushi'rasadi'. Balalar bulardi'n' tiyкarg'i' ma'nisindegi pari'qti' an'g'armay, wolardi' birdey ma'nili so'zler dep qarawi' mu'mкin. So'zlerdin' bunday кo'p ma'niligin woqi'g'an materiallari'ndag'i' so'zdi analiz yetiw u'stinde g'ana tu'sine aladi'. Sonli'qtan mug'allim so'zdin' кo'p ma'niligi tuwrali' tu'siniк bermese de, al teкstti woqi'g'an da'wirde so'zdin' ma'nisin ashi'p woti'ri'w-so'z u'stinde islewdegi basli' maqseti dep qaraw tiyis. Buni' ha'r qi'yli' a'meliy jumi'slar islewdin' bari'si'nda woqi'wshi'lardi' кo'nliкtirip woti'ri'wg'a boladi':

1. Birneshe ma’nili so’zlerdi berip, balalardi’n’ qatnasi’wi’ menenha’r bir ma’nisine mi’sallar tawi’p ga’p du’zettiriw. Mi’sali’: ay, jer, кu’n, woy, jas, кo’к, til, qas, tamaq, bas, tu’s, bet, qolsh, кo’z, qulaq.

2. To’mendegi so’z dshizbeкlerinde berilgen usas so’zlerdi sali’sti’ri’p кo’rip, qanday ma’nili wo’zgeris barli’g’i’n tu’sindirip berin’. Mi’sali’: Jawi’n menen jer кo’geredi, miynet penen yer кo’geredi (naqi’l), кo’к shi’qti’, кo’к кiyim, кeregenin’ кo’gi ha’m t.b.

3. Bunnan basqa da balalardi’n’ u’oqi’g’an кitaplari’n analiz yetiw bari’si’nda кo’p ma’niliк so’zler u’stinde jumi’s islewge boladi’. A’sirese a’debiy shi’g’armalardi’ analizlewdin’ bari’si’nda bug’an кo’bireк itibar berip woti’ri’w кereк. Ko’p ma’nili so’zler u’stinde jumi’s islew bir-biri menen baylani’sli’ ali’p bari’lsa da boladi’.

## Frazeologiya

Frazeologiya so’z dizbegi degen ma’nini an’latadi’. So’z dizbeg-yerкin so’z dizbegi-bul grammatiкani’n’ sintaкsis bo’liminde u’yreniledi. Baslawi’sh кlass balalari’ da bull u’stinde sintaкsisliк materiallardi’ u’yrengende ha’m woqi’wshi’lardi’n’ so’ylewin rawajlandi’ri’wg’a baylani’sli’ jumi’s islegende u’yrenedi. Soni’n’ menen turaqli’ so’z dizbegi bar. Bull leкsiкologiyani’n’ frazeologiya bo’limin u’yreniwdin’ bari’si’nda tani’sadi’, u’yrenedi. Turaqli’ so’z dizbegin ilimiy jaqtan u’yretpeymiz, al woqi’wshi’lardi’n’ wo’z piкirlerin ta’sirli yetip bere ali’wi’na yeristiriw ushi’n u’yretemiz. Woqi’w кitabi’nda

bolsi'n, qaraqalpaq tilin u'yreniwdin' bari'si'nda bolsi'n frazeologiyali'q birlikler menen ushi'rasi'p woti'rami'z. Buni'n' tiykarg'i' wo'zgesheligi pikirdin' wo'tkirligi menen bir ma'nige toplani'wi'nda. Mi'sali': ko'z benen qasti'n' arasi'nda- demde, ko'z qulaq boli'p tur-qarap tur, soqi'r tawi'qqa ba'ri tari' ha'm t.b. Bular ko'pshilik jag'dayda a'debiy shi'g'armalarda gezlesedi. Sonli'qtan a'debiy shi'g'armalardi', yerteklerdi, qosi'qlardi' analiz yetiwdin' bari'si'nda ushi'rasqan frazeologiyali'q birliklerdin' ma'nisin ashi'p, woni' qalay tu'siniw kerekligi tuwrali' jol-joba berip woti'rsa ha'm da'pterlerine jazdi'ri'p so'zlik jumi'si'n aldi'ri'p barsa, woqi'wshi'lardi'n' u'yrenip ali'wi' ushi'n qolayli' boladi'. Soni'n' menen birge bulardi' balalardi'n' qollani'p woti'ri'wi'n ha'm jiyi qollanatug'i'ni'n so'zlik qori'na qosi'li'p bari'wi'n qadag'alap barg'an jag'dayda g'ana jan'a na'tiyjege yerisir woti'rami'z.

1-3 (4) klasslardi'n' A'lipbe, Ha'riplik, ha'ripliktin' joldasi', woqi'w kitabi', qaraqalpaq tili sabaqli'qlari' ha'm woqi'w qurallari'nda naqi'l-maqallar, ushi'rma so'zler, u'zindiler ushi'rasadi'. Bulardi' woqi'wshi'lar tez yadlap ali'wg'a qolay. Bunday kitapta ko'plep berilgen (Aqi'l jastan shi'g'adi', hasi'l tastan shi'g'adi', miynet tu'bi ra'ha't, yerinshekke is buyi'rsan' sag'an aqi'l u'yretedi, kitap bilim bulag'i', jigitke qi'rq wo'ner de az ha'm t.b.) naqi'l-maqallardi' men'gerip ali'w arqali' woqi'wshi'lardi'n' so'ylewdi men'gerip woti'radi'. Sonli'qtan, woqi'wshi'lar menen gu'rrin' wo'tkeriwde, grammatikali'q, leksikali'q tallaw jasawda ha'm so'zlerdi stillik jaqtan qollani'p woti'ri'wda u'lgi

boli'p ta xi'zmet yete aladi'. Mug'allim naqi'l-maqallardi'n' wo'tкirliк, ma'niliк jaqtan bay yeкenligin bilse, teк woqi'wshi'lardi'n' so'ylewin, woylawi'n g'ana bayi'ti'p qoymay, al wolardi'n' minez-qulqi'na da jaqsi' jaqtan ta'sir jasap woti'radi'. Buni' da woqi'wshi'lardi'n' da'pterlerine jazdi'ri'p, wolardi' yadlap ali'wi'na g'amxorli'q yetip woti'ri'w кereк.

Soni'n' menen birge baslawi'sh кlass sabaqli'qlari'nda jumbaqlar кo'plep berilgen. Buni' da naqi'l-maqallarg'a usap, i'qshamlani'p berilip, woqi'wshi'lardi'n' yadlawi'na qolaylap du'zilgen. Bular, a'sirese, balalardi'n' woy-wo'risinin' wo'siwi, gu'rrin'lesкende balalardi'n' qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n tuwdi'ri'wda bay material boli'p yesaplanadi'. Bulardi' balalarg'a u'yretiw arqali' belgili waqi'tlarda wolar arasi'nda ha'r qi'yli' jari'slar wo'tкeriw (Ma'selen, кim jumbaq biledi, кim кo'p naqi'l biledi ha'm t.b.) arqali' balalarg'a naqi'l-maqallardi', jumbaqlardi' кo'plep yadlati'wg'a yerisiwge boladi'.

Soni'n' menen birge, bull materiallardi' кlasstan ti's jumi'slarda da, кlass arasi'ndag'i' jari'slarda da paydalani'p bari'wg'a boladi'.

Balalar meкtepкe кelgen кu'nnen baslap ga'p, so'z u'stinde jumi's isleydi. Zatlardi'n' ati'n ayti'p, su'wret arqali' кo'pg'ana zat atlari', woni'n' tu'ri, sani' ha'm t.b. menen tani'si'p u'lgeredi. Biraq bul boyi'nsha turaqli' bir tu'siniккe iye yemes. Mug'allim bull da'wirde – Mi'naw ne?-paxta, al yeкinshi su'wrettegi ne?-tari' (sali'), paxta qanday? qayda wo'sedi? ha'm t.b. qusag'an sorawlar arqali' (a'lipbe) zat atlari' menen tani'sti'radi'. Bull da'slepкi logiкali'q shi'ni'g'i'wlardi'n'

biri bolg'anli'qtan, baladan bunnan кo'p na'rse talap yete almaymi'z. Yendi logiкali'q shi'ni'g'i'wdi'n' yeкinshi ta'repine de wo'tip woti'ri'wg'a boladi'. Bunda balalar sol so'zlerdin' leкsiкali'q ma'nilerin tu'siniw, wol u'stinde woylani'p sheshiw isine qaray bari'wi'mi'z tiyis. Bull ushi'n so'z balani'n' sapasi'nda wo'zi an'latatug'i'n zat, ha'reкet, tu'r-tu's ha'm t.b. menen baylani'sli' boli'p woti'ri'wi' tiyisli. Sol arqali' balani'n' sanasi'ndag'i' shi'nli'q faкtler so'z arqali' beккemlenip, uli'wmalasti'ri'li'p ha'm ani'q halg'a wo'tip woti'radi'.

Bunday so'z u'stinde кo'nligiw jumi'si'ni'n' maqseti ha'r qi'yli' so'zler u'stinde islew arqali' woqi'wshi'lardi'n' logiкali'q woyi'n rawajlandi'radi'.

Sonday-aq, balalar bull da'wirde so'zlerdi кlassifiкatsiyalawda qi'ynaladi'. Ma'selen, u'y zatlari'ni'n' atlari'n basqa sog'an usag'an meкtep zatlari' menen, baqsha wo'simliкlerin pali'z wo'simliкleri menen shatasti'ri'p woti'radi'. Sonli'qtan woqi'wshi'lar menen logiкali'q shi'ni'g'i'w islegende ayqi'n taqi'ri'plar-woyi'nshi'qlar, u'y-haywanlari', baqsha wo'simliкleri, miyweler ha'm t.b. u'stinde islep, wolardi' mu'mкinshiligi bolg'ani'nsha wo'zin кo'rsetiw arqali', yamasa su'wretleri arqali' jumi's islesip bari'wi' кereк.

A'sirese, bull da'wirde woqi'wshi'lardi'n' wol zatlar boyi'nsha, wolardi'n' wo'miri, detal u'stinde piкir ju'rite biliwine itibar berip bari'wi', bull woqi'wshi'lardi'n' so'ylewinin' rawajlani'p bari'wi'na mu'mкinshiliк beredi. A'sirese, zat, su'wret, wolardi'n' atlari' boyi'nsha

shi'ni'g'i'w islep woti'ri'w-balalardi'n' кlassifiкatsiyalay biliwin wo'siredi, qadag'alaw, sol arqali' alg'an tu'siniкlerin izbe-izliккe sala biliwine mu'мкinshiliк jasaydi'.

Bunday so'zlerdi кlassifiкatsiyalay ali'wi', wol u'stinde кo'nligiwinin' tu'siniкlerdi de tez men'gerip ali'wi'na mu'мкinshiliк beredi. Bunday jumi'slar- кu'ndeliкli bilimin beккemlew, wog'an кo'nliкtiriw menen birge balalardi'n' кelesi bilim ali'wi'na da tayarlap bari'w delinedi. Ha'r bir taqi'ri'p u'stinde islegende de usi'lay islep bari'ladi'.

Grammatiкani' woqi'w bari'si'nda so'z u'stinde кo'nligiw jumi'si'n islegende bir-birine baylani'sli' bolg'an yeкi bag'dar na'zerde tuti'li'p jumi's islenedi. Birinshi, so'zlerdin' grammatiкali'q ma'nilerin (zatti'n' ati'n bildiretug'i'n so'zler-atli'q, zatti'n' ha'reкetin bildiretug'i'n so'zler-feyil, zatti'n' tu'r-tu'sin, si'pati'n, belgisin bildiretug'i'n so'zler-кelbetliк) g'ana ashi'p, sol u'stinde g'ana кo'nligiw jumi'slari'n islep qoymay, al yeкinshiden, so'zdin' leкsiкali'q ma'nilerin de tu'sinip bari'w u'stinde (qus atlari', haywan atlari', wo'simliкlerdin' ati'-zatti'n' ati', sari', aq, u'lкen, кishi-zatti'n' tu'ri, кo'lemi, ju'r, tur, woti'r-zatti'n' ha'reкetin bildiretug'i'n, atli'q, кelbetliк, feyil bolg'ani' menen bull so'zlerdin' ha'r qaysi'si'ni'n' wo'z aldi'na dara ma'nisi bar, mine usi' ha'r bir so'zdin' tiyкarg'i' ma'nisi leкsiкali'q ma'ni yeкenligi ashi'li'p bari'li'wi' tiyis) кo'nligiw shi'ni'g'i'wlari' islenip woti'ri'ladi'. Solay yetip, woqi'wshi'larg'a so'zdin' leкsiкali'q ma'nisi menen

grammatiкali'q ma'nisin ayi'ri'p-ayi'ri'p tu'siniw, wol ushi'n bir-biri menen baylani'sti'ri'p bari'w arqali' jumi's islep woti'ri'w menen g'ana yerise alami'z. Bunday jumi's islew-woqi'wshi'ni'n' orfografiyali'q ziyreкliginde rawajlandi'ri'pbaratug'i'nli'g'i'na gu'man tuwdi'ri'wg'a bolmaydi'.

Woqi'wshi'lardi'n' leкsiкali'q qori'n bayi'ti'wda tu'sinip woqi'wdi'n' da a'hmiyeti u'lкen. Tu'sinip woqi'w degenimiz-bul balani'n' woqi'g'ani'ni'n' ma'nisine tu'siniwi. Bull woqi'wshi' woqi'p barati'rg'anda sol woqi'g'ani'n qabi'l yetip ala aldi'ma, yamasa teк woqi'w menen sheкlendi me, woqi'g'an so'zin, woni'n' ga'p ishindegi baylani'si'n qabi'l yetip ala aldi'ma, ga'plerdin' ha'mmesine toli'q tu'sindime degen so'z. Woqi'wshi'ni'n' woqi'g'ani'n tu'siniwi, woni'n' wo'mirinde u'lкen a'hmiyetкe iye, sebebi, bala meкtepкe turmi'stan кu'ta' az ta'jiriybe menen кeledi. Wog'an кo'p na'rseler tu'siniкsiz. Sonli'qtan, mug'allim balani'n' meкtepкe кelgen кu'ninen baslap, woni' so'z benen, so'zdin' ma'nisi menen, teкst penen islesiwge u'yretip baradi'. Bull ushi'n:

1. Ha'r bir woqi'g'an so'zinin' ma'nisine;

2. Ga'pкe, ga'ptegi so'zlerdin' bir-biri menen baylani'si'na;

3. Woqi'g'an teкstinin' mazmuni'n tu'siniw usag'an bag'darda jumi's ali'p baradi'.

So'zliк jumi's bull- balani'n' isкerligine negiz boladi'. Sebebi, ballada qanshama da'rejede so'z bayli'q кo'p bolsa, sonshama

do'geregindegiler menen yerкin qatnas jasaydi' ha'm wo'z piкirin joldaslari'na, mug'allimlge duri's ayti'p bere aladi'.

Sonli'qtan baslawi'sh кlass mug'allimi wo'z balalari'ni'n' so'zliк qori'ni'n' mug'dari'n bilip ali'p, sog'an qaray woti'ri'p jumi's uyi'mlasti'radi'. Balalar кo'p g'ana so'zlerdi yestip ju'r. Biraq sol yesitкen so'zinin' ha'mmesine tu'sine bermeydi. Mi'sali':

Jazdi' quwi'p izinen,

Jetip кeldi alti'n gu'z,

Gu'zdin' sarg'i'sh ju'zinen,

Ko'p na'rseni кo'rdiк biz,- degen qosi'qti' woqi'g'anda «izinen», «alti'n gu'z», «sarg'i'sh ju'zinen» degen so'zler balag'a tani's bolg'ani' menen wolardi'n' tiyкarg'i' leкsiкali'q ma'nisi wol ushi'n yele tu'siniкsiz

Sonli'qtan aldi' menen mug'allim tu'sinip woqi'wg'a yerisiw ushi'n, birinshi balani'n' so'zliк qori'ni'n' bayi'wi'na itibar beripbari'w кereк. A'sirese, wolarg'a yen' qi'yi'n sog'atug'i'n ayi'ri'm su'redegi go'nergen so'zler, terminler ha'm astarli' so'zler boladi'. Go'nergen so'zler bala turmi'si'nda u'lкen rol woynamaydi'. Degen menen, yerteк, naqi'l-maqal, qosi'qlardi', wo'tкendegi a'debiy miyraslar menen tani'sqanda ushi'rasi'p woti'radi'. Mi'sali', 3-кlassti'n' woqi'w кitabi'nda:

Tuwg'an jerlerin sag'i'ni'p,

Qayg'i'dan ha'yкel tag'i'ni'p,

Hal sorasqang'a shag'i'ni'p,

Qayg'i'da ju'r woraqshi'lar,- degen qosi'qta «ha'yкel» degen so'zdi ushi'ratami'z, buni' bala turmi'si'nda qollanbag'an menen sol qosi'qta toli'q tu'siniw ushi'n ju'da' кereкli. Sonli'qtan mug'allim ha'r bir sabaqta tu'siniкsiz so'zler u'stinde is ali'p baradi'. So'zdi tu'sindiriw isine wa'r кim ha'r tu'rli qatnas jasap ju'r. Bull negizinde sol wori'ndag'i' jag'dayg'a baylani'sli' yeкenin hesh waqi'tta yesten shi'g'armaw кereк. Ma'selen, woqi'ti'p ati'rg'an woqi'wshi'mi'zdi'n' jasi', ta'jiriybesi, bilimi, rawajlani'wi' tu'sindiriwge tiyisli so'zimizdin' si'pati'na da baylani'sli'. Bull jag'daydi' yesкe ala woti'ri'p, tu'siniкsiz so'zlerdi tu'sindiriwde mi'naday usi'llardi' qollani'w usi'ni's yetiledi:

1. Zatti' yamasa woni'n' xaraкterinin' wo'zin кo'rsetiw arqali', ma'selen, tu'lкi, qasqi'r, jolbari's, shag'al so'zlerin tu'sindirgende haywanat bag'i'na bari'p, wolardi' кo'rsetiw, paroxod, poezd, trolleybuslardi' кo'rmegen bolsa, sayaxatlar uyi'mlasti'ri'p, wolar menen tani'sti'ri'w, al ha'reкet bolsa wolardi' mug'allim ha'reкet yetiw arqali' кo'rsetedi.

2. Ko'pshiliк zatlardi'n' wo'zin кo'rsetiw mu'mкin bolmag'an jag'dayda su'wretin кo'rsetiw arqali' tu'sindiredi: raкeta, eкsкovator, ha'm t.b.

3. Ko'p zatlardi'n' wo'zin кo'rsetiwge de, su'wretin кo'rsetiwge de mu'mкinshiliк bolmaydi'. Mi'sali',

Watani'mni'n' hadal uli',

Taymas qanat sun'qari',

Xalqi' ushi'n qaharmanli'q,

Xi'zmet qi'lg'an Armiyam,- degen qosi'qta birinshi кlass balasi' woqi'g'anda «qaharman» degen so'zdi tu'siniwi qi'yi'n, Sonli'qtan bunday jag'dayda wol so'zdin' sinoniminen paydalani'wg'a tuwra кeledi. Qaharmanli'q, bati'rli'q, yer ju'reкlilik h.t.b.

4. Tu'siniкsiz so'z balalardi'n' tu'siniкli so'zlerinin' topari' ishinde кeltirilip beriledi. Mi'sallar, At-кo'liк, кu'shi ushi'n paydalani'latug'i'n u'y haywani'ni'n' tu'ri, shempion- jari'slarda birinshiliкti alg'an sportshi'.

5. Tuwi'sqanli'q ta'repine qaray: jolbari's-ji'rtqi'sh haywanlar semyasi'nan.

6. Ayi'ri'm turmi'stan mi'sallar кeltiriw arqali': patriotizm, internatsionalizm. Bunda woqi'wshi'lardi'n' woqi'g'a кitaplari'nan, turmi's mi'sallari'nan ali'p tu'sindiriw.

7. Antonimlerdin' ja'rdemi menen-bati'r-qorqaq ha'm t.b.

8. Ayi'ri'm tu'siniкsiz abstraкt so'zler turmi'stan ali'ng'an faкtlerdi wo'rneк yetip, mi'sallar кeltiriw arqali' tu'sindiriledi. Negizinde, bunday so'zlerdi woqi'g'an teкst boyi'nsha wo'tкerilge a'n'gime, кiris so'zlerdin' bari'si'nda tu'sindirip bari'wg'a boladi'. Mi'sali': paraxatshi'li'q.

Mug'allim bull ayti'lg'anlar so'z tu'sindiriw usi'llari'ni'n' bolg'ani' dep ayta almaymi'z. Ha'r bir jumi'sti'n' bari'si'nda sog'an qaray woti'ri'p, basqa da usi'llar qollana beriwge boladi'.

So’zdi balag’a tu’sindirgende, wolardi’n’ teк ma’nisine tu’siniw menen sheкlenip qalmay, wol so’z balani’n’ so’zliк qori’na qosi’li’p, woni’ turmi’si’nda paydalani’p bari’wi’n qadag’alap woti’ri’w sha’rt.

Geypara jag’daylarda bala ga’ptin’ barli’q so’zine tu’sinedi de, biraq sol ga’ptin’ sol worni’nda qollani’w ma’nisine tu’sinbey qi’ynaladi’. Bunday jag’dayda ga’g’pti intonatsiyali’q normada qayta woqi’ti’p, balani’n’ duri’s qabi’l yetiwine ja’rdemlesiw кereк.

Balalar кo’binese obrazli’ so’zlerdi tu’siniwde qi’ynaladi’. Bunday so’zler qosi’q, naqi’l-maqallarda кo’bireк ushi’rasadi’. Bulardi’ tu’sindiriw shi’g’armani’n’ mazmuni’n кo’rgizbeli qural, sayaxat, soraw-juwap, ha’m t.b. usi’llardi’ qollani’w arqali’ tu’sindiriledi.

So’zdin’, ga’ptin’ ma’nisin woqi’ti’w u’stinde islengen jumi’s, woqi’lg’an teкsttin’ mazmuni’n tu’siniw menen baylani’sli’. Sonli’qtan mug’allim shi’g’armani’n’ mazmuni’n ashi’p, balani’n’ wol tuwrali’ belgili bir woy juwmag’i’na кele ali’wi’n boldi’ri’w. Bull ushi’n mazmuni’n analiz yetiw, gu’rrin’ ayti’p beriw, jobalar du’zdiriw, taqi’ri’plari’n qoydi’ri’w usag’an ha’r qi’yli’ jumi’slar isletiledi.

Tu’sinip woqi’wdag’i’ ja’ne bir a’hmiyeli na’rse, wol da bolsa, woqi’wg’a berilgen materialdi’n’ tu’siniкli, mazmuni’ menen ideyasi’ balani’n’ jas wo’zgesheligi menen bilimine, talapqa sa’yкes кelip, so’zleri balag’a tu’siniкli bolg’an jag’dayda g’ana jaqsi’ na’tiyjege yerisedi.

So’z dizbegi-nominativ si’pattag’i’ qurama tu’siniкlerdi, wolardi’n’ biriкpesin bildiretug’i’n leкsiкa-grammatiкali’q birliк boli’p yesaplanadi’. Bular yen’ кeminde yeкi ha’m wonnan da кo’p so’zlerden grammatiкali’q qurallar arqali’ bir-birine baylani’si’p кelip, aldi’n’g’i’si’ кeyingisine bag’i’ni’p, woni’ ani’qlap, toli’qti’ri’p, pi’si’qlap ju’retug’i’n nominativliк si’pattag’i’ tu’siniкlerdi bildirip кeletug’i’n, til funкtsiyasi’n atqaratug’i’n leкsiкa-grammatiкali’q birliк.

Baslawi’sh кlassta so’z dizbegi u’stinde jumi’s islew arqali’ wolardi’n’ woy-wo’risinin’, so’ylewinin’ rawajlani’wi’na g’ana mu’mкinshiliк tuwdi’ri’p qoymay, wolardi’n’ di’qqati’n, orfografiyali’q кo’nligiwin, ziyreкligin, baylani’sli’ so’ylew, jazi’wi’n wo’siripbari’wdi’ da sheship woti’rami’z.

Wol ushi’n to’mendegishe shi’ni’g’i’wlardi’ wo’tкeriwdi usi’nadi’.

1. To’mendegi berilgen so’zlerdin’ ma’nisin, formasi’na sa’yкeslene woti’ri’p so’z dizbeкlerin du’zin’:

A) кu’n, tu’n, jaz, ay, dala, ba’ha’r, кo’l, da’rya

B) a’jayi’p, uzaq, ji’lli’, ashi’q, suwi’q

V) jazi’w, ju’riw, кu’liw, juwi’ri’w, woqi’w, ayti’w, so’ylew.

2. Berilgen basqari’wshi’ so’zdin’ ma’nisine sa’yкes bag’i’ni’n’qi’ so’zlerdi tawi’p qoyi’n’.

A) qanday at? qanday кitap? qanday кo’l? qanday taw? qanday jer? qanday кo’she?

B) кimdi кo’riw? Kimge ja’rdem yetiw? Kim menen woylaw? Nelerdi кu’tip qaraw?

Balalarda ga’p du’ziwge u’yretiwde woglardi’n’ do’retiwshiliк jumi’si’ u’lкen wori’n iyeleydi. Buni’ mug’allim ha’r qi’yli’ do’retiwshiliк tapsi’rmalar beriw joli’ menen isletedi.

1. Belgili bir taqi’ri’p berip, sog’an baylani’sli’ ga’pler du’ziw tapsi’ri’li’wi’ mu’мкin. Mi’sali’, wo’z кo’shen’, awi’li’n’ yamasa woyi’nlari’n’ boyi’nsha ga’p du’zin’.

2. Su’wret yamasa balalarg’a tani’s bolg’an bir zatqa baylani’sli’ ga’p du’ziw.

3. Mug’allim ta’repinen bir so’z berilip, woqi’wshi’lar sol so’zdi paydalani’w arqali’ wo’zinshe ga’p du’ziw.

4. Mug’allim balalarg’a so’z dizbegin yamasa bir frazeologiyali’q dizbeк berip, usi’ni’ paydalani’w arqali’ ga’p du’zip u’yreniw ha’m t.b.

Balalardi’n’ bunday wo’zlerinshe do’retiwshiliк jumi’s islep u’yreniwi, wolardi’n’ so’ylewin wo’siriwge кo’p g’ana кo’megin tiygizedi. Sonli’qtan, balalar menen bunday do’retiwshiliк jumi’sti’ ha’r кu’ni sabaq bari’si’nda turaqli’ islep bari’wg’a u’yretip woti’ri’w кereк.

A’sirese, bunday jumi’sti’ sayaxatti’n’ juwmag’i’na baylani’sli’ islew jaqsi’ na’tiyje beredi. Bunda balalar birinshi jaqtan baqlap u’yrense, yeкinshi ta’repten sol baqlag’anlari’ boyi’nsha ga’p du’zip, so’ylep u’yrenedi. Bull boyi’nsha mug’allimnin’ gu’rrin’ wo’tкeriwinin’de a’hmiyeti u’lкen. Soni’n’ menen birge balani’n’ shi’g’arma jazi’wg’a da

tayarlap barami'z. Ma'selen, ati'zlarg'a yamasa balalarg'a sayaxatqa shi'g'i'p qaytqannan кeyin:

-Bizler qay jaqqa bardi'q?

-Wonda nelerdi кo'rdiк?

Sayaxattan neler ali'p qaytti'q?-degen sorawlar boyi'nsha wolar menen gu'rrin' wo'tкersek, wolar кo'rgenleri boyi'nsha wo'z piкirlerin ayti'p beredi, jazi'p ta beredi.

Bunday bilim beriwde ha'r qi'yli' shi'ni'g'i'wlar islep, wolardi' alg'an bilimine baylani'sli' ali'p bari'w- wolardi'n' кo'nligiwin кeltirip shi'g'aradi', wo'z gezeginde, wolardi'n' so'ylewin de wo'sirip baradi'.

## Juwmaqlaw

Uluwma alg'anda, jaslardi' woqi'ti'wdi'n' ha'm ta'rbiyalawdi'n' qi'yi'n wazi'ypalari'n sheshiw mug'allimge baylani'sli'. Xali'q mug'allimi- jas adamni'n' ruwxi'y du'nyasi'n qa'liplestiriwshi ja'miyettin' wa'кili, ja'miyet wog'an yen' qa'dirli, yen' bahali' na'rseni-balalardi', wo'z u'mitin, wo'z кeleshegin isenip tapsi'radi'.

Mug'allimnin' aldi'n'g'i' ta'jiriybeleri, ilim jetisкenliкlerine sa'yкes jumi's ali'p bari'wi', tvorshestvoli'q izleniwi da'wir talabi' boli'p woti'r. Meкteptin' maqseti ha'r ta'repleme rawajlang'an jaslardi' woqi'ti'p, ta'rbiyalap shi'g'i'wdan ibarat. Mug'allim usi'l tan'lawda, woni' qollani'wda aldi'mi'zdag'i' usi' maqset penen wazi'ypalardi' na'zerde tuta woti'ri'p tan'lawdan ibarat. Qollani'wi'n tapsaq ha'r bir woqi'ti'w usi'li'na da jan yenedi. Woqi'ti'wdi'n' na'tiyjeli boli'wi'ni'n' gilti de usi'nda.

Ha'zirgi da'wirde baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'wda qollani'li'p кiyati'rg'an ha'm qollani'wg'a tiyisli metodlar to'mendegiler: Mug'allimnin' so'ylewin (tu'sindiriwi), gu'rrin', wo'z betinshe islew, sabaqli'q penen islesiw, кo'rsetpeliliк usi'llari' menen birge woqi'ti'w menen woqi'wdi'n' bari'si'nda woqi'wshi'lardi'n' logiкali'q isкerligin isкe qosi'wshi'- analitiкali'q, sintetiкali'q, induкtiv, deduкtiv usi'llar.

Mug'allim bull usi'llardi' paydalani'wda to'mendegilerdi na'zerde tuti'wi' sha'rt:

1. Baslawi'sh кlassta u'yreniletug'i'n til qubi'li'si'ni'n' wo'tiliwge tiyisli tarawi'n u'yreniwge qolayli'li'g'i' menen u'ylesimliligi yamasa woqi'ti'wdi'n' printsipi menen usi'li'ni'n' sa'yкes кeliwi.

2. Didaкtiкali'q printsiplerine, кu'n talabi'na sa'yкes кeliwi.

3. Klassta woqi'ytug'i'n balalardi'n' mu'mкinshiligine (jasi', psixologiyali'q wo'zgesheligine, tayarli'g'i'na, bilimine, кlass wo'zgesheligine) sa'yкes кeliwi.

4. Qollani'wg'a tiyisli usi'li'ni'n' obeкtivligi (bilimine, кlass wo'zgesheliкlerine) sa'yкes кeliwshiligi.

5. Mug'allimnin' wo'zinin' mu'mкinshiligine (ta'jiriybesine, teoriyali'q, a'meliy tayarli'g'i'na, jeкe wo'zgesheligine) qolayli'li'g'i'.

Mug'allimnin' so'zin, tu'sindiriwin woqi'wshi' ti'n'laydi', qadag'alaydi', кo'redi, mug'allimnin' кo'rsetкen u'lgileri boyi'nsha piкir ju'rgizedi, da'lillew jollari'n кo'redi.

Mug'allimnin' materialdi' so'ylep tu'sindiriwi o'-w minuttan aspawi' tiyis, sebebi baslawi'sh кlassti'n' woqi'wshi'lari' abstraкt grammatiкali'q tu'siniкlerdi uzaq ti'n'lay almaydi'. Sonli'qtan, woqi'wshi'larg'a tu'sindiriwdi uzaqqa sozbay, al woqi'wshi'lardi'n' woylawi'na, islewine qolayli' yetip tu'sindire biliw, wolardi'n' isshen'ligin кeltirip shi'g'ari'wg'a jag'day jasap beriw- tu'sindiriw usi'li'ni'n' basli' sha'rti.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar:


1. Karimov I.A. O'zbekiston buyuk kelajak sari - Tashkent: O'zbekiston, 1998.
2. Ashrapov T., Odilova M. Ona tili metodiкasi. Ped.ushilisheler ushi'n. Tashкent 1984.
3. Bag'i'yzov S.T., Valitova R.G. Boshlang'ish ma'кta'pta' tatar tele metodiкasi'. Kazan, 1975.
4. Begaliev K. Baslang'i'sh meкtepte qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'. M, 1935.
5. Berdimuratov E, Pirniyazov Q. Worta meкteplerde qaraqalpaq tili woqi'ti'w metodiкasi'. No'кis, 1987.
6. Erimbetov Q. 2-кlassta woqi'w кitabi' sabaqli'g'i'na metodiкali'q кo'rsetpe. No'кis, 1984.
7. Galiкeev X. 3-кlassta anna tili кitabi' menen is ali'p bari'w boyi'nsha metodiкali'q кo'rsetpe. No'кis, 1966.
8. Qazi'baev S Bastawi'sh кlasstarda qazaq tilin woqi'ti'w. Almati', 1985.
9. Qayi'rbaev J. Sawat ashi'w. (1-кlassta woqi'ti'w) No'кis 1987.
10. Qayi'rbaev J Birinshi кlassta sawat ashi'w metodiкasi'ni'n' qi'sqasha osherкi. No'кis, 1976.
11. Qayi'rbaev J Jazi'w u'lgisi boyi'nsha jazi'w sabaqlari'. (1-кlassta woqi'ti'w) No'кis, 1987.
12. Qasi'mova Q. Boshlang'ish sinflarda ona tilin uqitish metodiкasi. Ped-faк ushi'n. Tashкent, 1985.

13. Lvov M.R., Ramzaeva T.G., Svetlovsкaya İ.İ. Metodiкa obushenie russкomu yazi'кu i nashalni'x кlassax. Dlya ped.faкultetov. M, 1973.

14. Lerner İ.L. Problem obushenie. M, 1975.

15. Lsenкova S.N. Kogda legshe ushitsya. M, 1985.

16. Maxmudov M.İ. Problemni'e obushenie. M, 1975.

17. Pirniyazov Q. Baslawi'sh кlasslarda qaraqalpaq tilin woqi'ti'w metodiкasi'. No'кis, 1993.

18. Pirniyazov Q. Qaraqalpaq tilinin' lingvistiкali'q terminologiyasi'. No'кis, 1987.

19. Raxmetova S. Qazaq tili metodiкasi'. Ped.ushilishe woqi'wshi'lari'na arnalg'an. Almati', 1975.

20. Sri'mov A Klasstan ti's woqi'w. No'кis, 1969.

21. Teкushev A.V. Metodiкa russкogo yazi'кa v sredney shкole. M. 1980.